


*MWARI HAADANIRE*  
*MUNHU KUZOTONGWA*  
*ASINA KUTANGA AMUYAMBIRA*

 “Kudana zviuru gumi zveNgirozi,” apo imwe yaigona kunge yakaparadza nyika, “asi Akafira iwe neni.” Ndizvo zvakaita sehwaro hwandiri kuda kuve nahwo pamharidzo yangu yeSvondo mangwanani, kana Ishe vachida, kuti “Kristu aiva Chii?” Uye zvino tiri kutarisira zvichida kuti vasikana vaduku ava vachatiimbira chimbo chiya zvakare, Svondo mangwanani. Hama Wheeler, ndinoda zvirokwazvo kutaura kuti chokwadi mune mhandara duku mbiri dzakanaka apa, uye mapfekero avo, uye vasina kupenda kumeso nezvimwe zvose. Vanoratidzika seMakristu kwandiri, nokuimba saizvozvo nokuita saizvozvo. Zvakanaka zvikuru.

<sup>2</sup> Ndinotenda ndakanga ndiri kuti kumudzimai wangu pane rimwe zuva, zvirokwazvo tine boka remadzimai anoratidzika zvachena pano. Ndinozvikoshesa izvozvo. Vhudzi ravo refu nezviso zvachena, uye vakapfeka zvakadzikama. Ndi—ndi—ndinokuyemurai nguva dzose pa—pandinopinda muno. Ndakati kuna Meda, “Ndinoda kuvatora vose ndovaisa mumutsetse pane imwe nguva ndotora mufanakiso wavo kuitira kuti ndinoratidza mamwe machechi izvo zviri chechi yedu pano.” Kuti apo patinotaura zvinhu izvi, va—vanoterera. Uye tinofara. Zvine chimwe chinhu chazvinoita kwatiri. Tinoziva kuti kana ti—tine chikumbiro chedu, kana moyo wedu usingatipomeri, tinoziva kuti Mwari vanotinzwa.

<sup>3</sup> Mangwanani ano, imwe shamwari yangu, kure kwazvo nepano, aradzikwa, vamutakura kuenda naye uye ave—ave kufa, vafunga kuti aizofa mumanitsi mashoma. Vafona, zuva rave kuda kubuda. Ndabuda mumubhedha, ndokuenda pasi, ndokutanga kunamatira mutana uyu uye ndokukwanisa nenyasha dzaMwari kubata mweya uya, heunoi ukadzoka. Ndokuita zvakanaka, ndokudzoka zvakare, munoona, achiri kurarama pamwe chete nesu manheru ano, kuti Mwari vabwinyiswe. Ndimutana Hama Dauch, vane makore makumi mapfumbamwe nerimwe okuzvarwa, vadarika nemakore makumi maviri—makumi maviri nerimwe nguva yerwendo rwavo rweupenyu. Asi Ishe vakanaka uye vazere netsitsi, saka tinotenda nokuda kwazvo.

<sup>4</sup> Zvino, Hama Neville, tinotaraisana-tarisana uye ndinoziva kuti ndinongori neduku. . .kuda shumiro imwe yokunge ndiri

pano, zvino unenge uri musi weSvondo. Zvino ini—ini handidi kutora mufundisi wangu, ndinongoda kuvanzwa vachiparidza.

<sup>5</sup> Svondo manheru pavakaparidza, ndinokutaurirai, ndakaenda kumusoro uko neshamwari yangu kunzvimbo duku yamunopindamo nemotokari, kuti tizodya sangweji mushure mezvo, Hama Evans neHanzvadzi Evans, zvino ndokubva vaita mahwekwe neHama neHanzvadzi Sothmann kumusoro ikoko. Hama Sothmann nevamwe vose vakanga vari kutaura pamusoro pemharidzo inoshamisa. Uye, ndikuudzei, ndararama nayo kwesvondo rose, potse-potse. Nezvimwe zvitaurwa zvokuti mhou inofunga kuti yakazvivanza. Zvino, ichokwadi, painofushira musoro wayo muvhu, asi mutumbi wayo wese unenge uchiri kunze. Saka zvakada kufanana nemaitiro atinoita pane dzimwe nguva. Tinoedza kuvanza musoro wedu seri kwechimwe chinhu, panogara paine . . . pamwe tichiri kuratidza, munoziva. Anoona zvose zvatiri, munooona. Saka tinozvikoshesa kwazvo.

<sup>6</sup> Zvadaro ndokufunga, saka, ndinoda kutaura nekereke zvino ndokufunga, zvakanaka, ini—ini . . . Hama Neville ndivo vanotaura nemi nguva dzose, saka nokudaro kana ndave zasi kuno zvichida ndozouya kuno. Handidi kuva munyengeri zvizere, uye kuti handidi kuuya kana kuti kwete, ndongogara kumba iyo kereke yakazaruka zasi kuno. Ndi—ndine . . . Ndinoda kuva zasi kuno nokuti ndinokudai.

<sup>7</sup> Ndinokutaurirai, zvirokwazvo ndinoita sokunge . . . Mamiriro ekunze ekuno haawirirane neni, uye ndi . . . uye nyika yacho haiwirirane neni ndinorwariswa nemhepo iri kuno. Mweya yu paunongondirova ndinobva ndamerera mapundu, muviri wose, munooona, uye hapana zvaunogona kuita nezvazvo. Uye ini . . . Uye hatinzwe zvakanaka, hapana mumwe wedu, kana tiri kuno. Isu . . . hapana kana mumwe wedu anga achinzwa zvakanaka nguva yose tiri kuno, nokuti takanga tati jairirei mamiriro ekunze kunopisa.

<sup>8</sup> Asi, zvino, chinhu chimwe chete chinondidhonzera kuno ndimi imi mose. Ndizvozvo chaizvo, imi mose. Munoziva, unowana shamwari dzakawanda, ndi—ndinotenda zvikuru. Ndinofungidzira ndi . . . kana ndikangoverenga, munhu nemunhu, vanhu vandinoziva, vanogona kusvika kuda mamiriyoni evanhu pasi rose. Kwakambofungidzirwa nemumwe munhu pane imwe nguva, uye zvichida sokuziva vanhu, kuti vanhu vangangosvika mamiriyoni gumi. Asi pane chimwe chinhu maererano—maererano nekumba, pamusoro pevamwe vanhu: Panongori . . . Munhu wese anazvo, pane vanhu vakatsaurwa muhupenyu hwako. Munoziva, ndinozvitenda. Kana pasina, zvino sei mudzimai wedu akatikoshera? Uye sei—sei wedu . . . Maona? Tiri . . . madzimai edu, varume vedu, nevamwe vakadaro, va—vakakosha. Uye une zvakadaro

neshamwari. Panongori nechimwe chinhu chokuti unongoda kusangana navo uchitaura navo. Pane tunzvimbo tuduku.

<sup>9</sup> Uye ndinogona kufunga pamusoro penzvimbo ino yaive nemajawi pakamira chechi ino duku, uye apo isati yamira pano hapana chakanga chiripo kunze kwechi—chidziva. Ndicho chikonzero nzira iri kure uko, kuti inyenyeredze chidziva ichi. Ino ndiyo nzvimbo yacho chaiyo, uye nzira inouya nepamuswiwo apo. Zvino, chaiva chidziva. Uye ndinorangarira ndichiuya kuno ndichiedza kutsvaka nzvimbo yokuvakira Ishe kereke, uye ndaingova mukomana muduku.

<sup>10</sup> Uye ndaterera kune ava, mujaya uyu nemumwe uyu ari kuno uku, vachimanata nguva shoma yapfuura, neshungu dzose. Ndafunga, “Munoziva, ndaimbokwanisa kunamata ndichidaro, ndisingambomiri kufema, zvachose.” Zvino unotanga kuchembera, unotanga kuti nonokerei zvishoma, munoziva, naizvozvo. Uchiri kufamba, asi unenge wave “mugiya rechipiri” sezvandataurira Hama Wood kunze uko. Asi, zvino kana zvikaramba... Zvino mushure mechinguva unozopinda mugiya repasi, kana wasvika makore anenge makumi manomwe kana makumi masere, ndingati. Asi, munoziva, iwe... uchiri kufamba, zvakadaro. Chero uchiri kungogona kufamba, zvinoita mutsauko wei? Zvinongotora nguva yakati wedzerwei kuti usvike ikoko.

<sup>11</sup> Ndinorangarira manamatiro andaiita, chaipo pano mumasora, chaipo pano pakamira purupiti ino zvino, pedyo nepairi, ndipo pandakabairira kahoko pandakaziva pokuisa purupiti. Ishe Mwari vakandipa nzvimbo ino. Hongu, changamire. Iye zvino, imomo chaimo mudombo repakona mune chapupu changu chechiratidzo chemangwanani andakariisa, apo ndakanga ndisiri kukwanisa kutombofunga, zvikanzi, “Ino haisi tabhenakeri yako, asi ita basa remuvhangeri.” Akadaro. Ndakatarisa kunze ndikaona nyika yose ikoko, nematenga akanga akajeka ari eblue, uye vanhu vachibva nekwese-kwese; chirimo imomo mudombo repakona. Handina kumbozvinga kuti zvingaitika, kunyangwe chiratidzo chakataura kudaro; asi hachikundiye, zviri kuzovapo kunyangwe zvakadaro.

<sup>12</sup> Ndanga ndiri muhurukuro dzakawanda svondo rino, nokuti, Svondo, Hupo hune nyasha hwaShe wakadzika pasi. Zvino ndaifanira kunge ndakaenda Muvhuro.

<sup>13</sup> Ndine... hatisati taenda kuzororo nazvino, vana. Zororo rangu rinozouya pave paya, munguva shoma inozotevera. Asi ndingada kuzotora vana kwenguva shoma. Vanofanira kuchidzokera vozoenda kuchikoro zvino, saka ndafunga kuti svondo rino ndiro ringava nguva yakanaka. Ndakatarisana neChicago svondo rinouya mumusangano uya ikoko.

<sup>14</sup> Asi zvino chi—chizoro cheMweya, ndafunga, “Iye zvino ndiyo nguva yokuva nehurukuro.” Iye zvino ndiyo nguva yokuti

izvi . . . yandinokwanisa kubatikana nemamwe awo ikoko. Uye pane . . . Ndiri kuona vamwe vanhu vagere pano vanga varipo mukamuri. Vanoziva kana Ishe vasangana nesu kana kuti kwete.

<sup>15</sup> Chinhu chinoshamisa chokuti . . . munhu wese kunze kwemamwe madzimai aunzwa naBilly panguva iyo pasati pauya, mumwe mudzimai anobva kuLouisville, anga aine kasikana kaduku kanga kari pano, ndinofunga kuti inhengo chaidzo dzeChurch of God muLouisville, kanawo imwe. Asi dambudziko rose, mumwe nomumwe wavo vose vauya, ndisati ndabva kumba Mweya Mutsvene wandiudza kuti ndiani achange ari pano, nezvavaizobvunza. Zvino ndanyora pasi pachimu chepepa ndokureva chaizvo zvavaizobvunza uye mibvunzo yavo nenzira yavaizoibvunza nayo, pamwe nemapindurirwo ayaizoitwa. Zvadarwo ndanga ndichivaudza, ndanga ndichiti “Hezvinoi chaizvo zvawanga . . . tarira zvino, maminiti mashoma apfuura pano, izvo Mweya Mutsvene . . .” Ndosveverera patafura ndoti, “Unoona? Anditaurira izvi iwe usati wauya kuno.” Maona? Asi pandanga ndichiri kumusoro kumba, ndiyani achange aripo uye nezvazvaizenge zviri, uye maonero avo kuti anenge akaita sei, nezvose pamusoro pazvo, ndisati ndatombobva kumba.

<sup>16</sup> Ndakaona iyo nguva, kakawanda, apo ndainge ndiri kuuya ndichidzika nomugwagwa, ndichinamata, ndaiona mutsara wokunamatira uchipfuura pamberi pangu uye ndoziva zita rose raizenge riri mumutsara wekunamatirwa, ndisati ndatombosvika kuno. Ndizvo chaizvo. Uye kana nokutoziva pavainge vakagara muchechi nezvavai . . . mapfekero avanenge vakaita uye nemaratidzikiro avo. Hauudze vanhu zvinhu zvose zvakadarwo. Iwe . . . Pane zvinhu zvinenge zvichiitika zvausingangovataurira. Hazvina basa kuvataurira. Ndinongoudza vanhu zvinhu zvandinofunga kuti zvinozovabatsira, kana Ishe vatondimanikidza kuti ndizvitaure, sokuti, “Taura zvokuti.” Haungadi kutaura zvose zvawaona, nokuti izvozvo zvinenge zvisina kunaka, munooona, unongo . . . saizvozvo, unopinda mudambudziko nezvimwe zvose zvakadarwo. Unofanira kuziva mabatirwo ezvinhu izvi neMweya waShe.

<sup>17</sup> Ndakambova nevanhu vakamira pamberi pangu zvino vondibvunza mibvunzo, yandinonyatsoziva, asi handaivaudza, nokuti ndaingonzwa kugombedzerwa kusazviita. Munorangarira, ndinotenda kuti aiva manheru eChitatu chapfuura, ndakaparidza nezve, *Musungwa*. Maona? Munooona, unoda kuudza munhu wacho, asi Chimwe chinhu chinoti, “Usazviite.” Mweya unoti, “Usazviite. Usazviite.” Asi chipo chakanyatsozvitarisa, munooona. “Usazviite. Usazviite.” Munooona, saka zviri nani kusazviita; zvino unopinda mudambudziko naMwari.

<sup>18</sup> Zvino, hatinoguyi zasi kuno manheru ano kuti tingomira pano. Tinoda kunzwa Shoko raShe. Manga muchinamata zvino tava nenguva inoshamisa, uye—uye ini . . . nguva dzose

pandinouya kuno ndinoziva kuti ndinounza bhuku duku rezvinyorwa nokuti pane...Dzimwe nguva Hama Neville vane nyasha vanongogara vachindikumbira, “Mungaitwo here *zvakati*,” kana kuti “itai *zvokuti*,” kana “taurai?” Zvino ndinotarisa imomo pano kusvikira ndawana chimwe chidzidzo chakangodarowo zvino tobva tachitangira kubva ipapo. Uye ndine chokwadi...Iye zvino, ivai nechokwadi Svondo...

<sup>19</sup> Zvino, handi...Hatimbozivi, hatikwanise kutaura. Munoono, ndakauya pano pane dzimwe nguva ndiine—ndiine chidzidzo mupfungwa dzangu chandaizotaura nezvacho, zvino ndosvika pano ndochishandura chose zvachose. Uye ndakava neMagwaro andakanyora pasi, ndoti, “Ndichashandisa chidzidzo ichi, ndichashandisa Magwaro aya. Sokudzika kwawo, ndichataura *zvakati*, *zvokuti* kana *nezvokuti*.” Ndinonyora pasi, sokuti, vaKorinte Vokutanga 5:15, nevaKorinte Vechipiri 7:1, naMateo 28:16, nezvimwe zvakadaro, ndozviisa zvakadaro, zasi kuno sezvizvi, ndobva ndanyora Magwaro pasi. Zvino ndotarisa zasi kuno, ndinoziva zvinotaurwa neGwaro ipapo; dzimwe nguva handitomboribati, kwave kupoterera neimwe nzira yakasiyana, zvachose. Uye hatimbozivi.

<sup>20</sup> Saka zvino, kana Ishe vachida, ndinoda kutaura, mukuvhara misangano iyi miduku yakatevedzana sezvo ndiri pano, Svondo mangwanani, nechinhu chakakosha zvikuru. Saka, zvino, kasikai kuuya, makagadzirira kugara kwenguva yakati rebei, pamwe sezvingaita two o'clock, zvimwewo zvakangodaro. Uye saka zvino...Ndine angaita Magwaro makumi matatu kana makumi mana akatonyorwa pamusoro pechidzidzo, asi ndinofunga kuti zvazvi...zvandichaedza kuita, kana Mweya Mutsvene ukandibatsira, kubata Mharidzo nepanzvimbo apo paYave zvino, nokuIvaka chaipo payakatangira, nokuIvaka kusvika panguva ino.

<sup>21</sup> Kuitira kuti kana ndo—ndoenda kuChicago, zvino ndinobva ndaenda ndakananga kuArizona, zvichienda zvakadaro, zvakadaro zvichingodaro. Uye zvinogona kunge, sokuziva kwangu, zvinogona kunge riri gore rinotevera zvakare, pamwe zhizha rinotevera, ndisati ndadzoka zvakare kutabhenakeri, kunze kwekunge ndiri kungopfuurawo nekuno zvakare, nokuti ndine misangano.

<sup>22</sup> Uye Billy, iye zvino, ari kushanda nezvemhiri kwemakungwa zverwendo rwekuenda pasi rose kutanga tichingopedza Kisimusi. Uye ndakabatikana kusvika zvingangoita munaZvita, uye, saka, zvichida svondo rekutanga munaZvita, Dallas. Saka zvino—zvino munaNdira tinoda kutanga rwendo rwekuenda pasi rose, kupoterera kwese, zvizere, uye tiri kushanda pazviri iye zvino, tichitsvaka chaiko uko Ishe vachatungamira. Uye—uye ndi—ndinotenda zvikuru kune...kunyanje kuvanhu, vashumiri, kunyanje ndichitaura zvinopesana nemasangano avo—avo nezvinhu zvakadaro.

<sup>23</sup> Munoziva, pamabhuku ari seri uko zvino, Hama Roy Borders ndivo vanoona nezvekoko idzi, uye kubvira Kisimusi, kutanga kwegore, kwanga kuine kokero dzinodarika chiuru kubva pasi rose. Kwakauya chiuru chekokero kumashure uko. Saka Ishe vanotofanira kunditungamira kwekuenda pane idzodzi, uye nezvokuita. Tinongovimba naYe. Haukwanise kudzitora dzose. Ha—haukwanise kutora sere kana gumi dzawo muzhizha kana uri ungazviite, mu—muhuzaro...kunze kwekunge watoenda umwe usiku pano neumwe usiku apo, uye zvaka...vari kukumbira masvondo maviri nemasvondo matatu, nezvimwe zvakadaro, kana chero pamunogona kugara, kana kuti vamwe vavo vanoti “zvakareba sokutungamira kwaShe,” ne—nezvimwe zvakadaro, saka hauzonyatsoziva chaipo pokutangira kana zvokuita. Saka tiri kudziisa pamberi paShe, toti, “Zvino, tiudzei Imi, Baba voKudenga.” Uye ndibatsirei kunamatira nyaya iyi, munoona, ndibatsireiwo kunamata kuti tigozvipedza.

<sup>24</sup> Zvino ndakafunga, mushure mokuva neshumiro yekupodzwa kwevarwe musu weSvondo wapfuura, zvimwe kuda musu uno weSvondo kana tikangotora dzidziso tonyatsozviunza nokuratidza kuti—kuti inguvai iyo yatiri... patave, chii—chii—chii—chii do—donzvo rakapetwa katatu rezano guru raMwari kubvira nyika isati yavambwa, nokuzviunza zasi muzuva rino, zano raMwari rakapetwa katatu, zano. Ndiri kushanda pachikamu charo chechipiri zvino, ndichitora Magwaro acho, nokuavhima nokuaisa panzvimbo yawo.

Iye zvino, ngationei, ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

<sup>25</sup> Ishe Jesu, Mufudzi mukuru wedanga remakwai, taungana pano manheru ano muZita reNyu rakaisvonaka, dzvene. TinoKudai, Ishe, uye tinoKutendai nokuda kweusiku huno hwemusangano wemunamato, nokuda kwedzimbo dzekereke apo tadziimba nomufaro mumoyo yedu, no—nokudzinzwa pavapinda muno, vachionbera maoko. Zvadaro tazopfugama nemabvi edu uye tose taturura moyo yedu kwaMuri, nokuKutendai pane zvaMatiitira, no—nokuKukumbirai kuti murambe muchifamba nesu.

<sup>26</sup> Uye zvino nguva yasvika yokuverenga Shoko uye nechimwe chokutaura nezvacho, kuvanhu. Titungamirirei mupfungwa dzedu, Baba, uye muwane mbiri. Uye mutaare chimwe chinhu manheru ano, nematiri, zvichatibatsira tose kuti tigobva pano tiine donzvo mumoyo yedu kurarama zviri nani uye pedyo neMi kudarika zvatati tamboita. Ndizvo zvatavinga pano, Ishe, tiri pano kuti tigoziva zvakawedzerwa nezveNyu. Uye tinonamata kuti Mugoazarura Huvepo hweNyu hukuru kwatiri manheru ano muchizaruro cheShoko reNyu, kuitira kuti tigoziva maitiro okuva Mukristu a—ari nani uye nemaitiro mumazuva ano okupedzisira. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

<sup>27</sup> Iye zvino, meso angu anowira pandima pano yaIsaya, Isaya 38. Ngativerengei kunaIsaya, Isaya 38.

*Zvino namazuwa iwayo Hezekia akarwara akasvikira pakufa. Muporofita Isaya mwanakomana waAmozi akasvika kwaari, akati kwaari, Zvanzi naJEHOVHA, Chiraira nhaka yako: nokuti uchafa, haungararami.*

*Ipapo Hezekia akatendeutsira chiso chake chakananga kumadziro, akanyengetera kunaJEHOVHA.*

*Akati, Dorangarirai henyu, O JEHOVHA, ndapota, kuti ndakafamba pamberi penyu nezvokwadi nomoyo wose, ndikaita zvakanaka pamberi penyu. Zvino Heze-... Hezekia akachema kwazvo.*

*Ipapo shoko raJEHOVHA rakasvika kunaIsaya, richiti,*

*Enda, undoti kunaHezekia, Zvanzi naJEHOVHA, Mwari wababa vako Dhavhidha, Ndanzwa kunyengetera kwako, Ndaona misodzi yako: tarira, ndichawedzera pamazuva ako makore anegumi namashanu.*

<sup>28</sup> Dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pakuverenga uku. Chidzidzo chakatsaukana kwazvo chemharidzo pfupi pano, ndinotenda kudaro. Ndinoda kuidana kuti: *Mwari Haadanire Munhu Kuzotongwa Asina Kutanga Amuyambira*. Zvino tiri—tiri—tiri kuzobata ma—mavambo kana kuti hwaro hwacho pano, mundima iyi manheru ano, Mwari vachiyambira munhu vasati vamuunza kurufu rwake.

<sup>29</sup> Iye zvino, munhu wese anazvo izvi. Tinogona kuti, “Zvakanaka, muchinda *uyu* akafa asina yambiro.” Kwete, kwete, kwete. Mwari haambodaro... Hauzive zvakanga zviru mumoyo wemunhu iyeye, hauzive zvakanga zviru kuitika muhupenyu hwake. Maona? Mwari havambofa vakaunza munhu kurufu rwake vasina kutanga vamuyambira nezvazvo, vachimutaurira, chimwe chinhu, gadziriro. Mwari a—anoita zvaanoda, uye A—Anogogodza pamoyo wemunhu wese, achimupa mukana wekuuya. Iye zvino, Anogona kuyambira zvino oZviramba, zvino—zvino ozunguza musoro wake kwaZviru zvino ofamba achienda, achiti, “Ah, anongori manzwiwo asinganzwisisike, zvichapera.” Asi, zvisinei, ainge ari Mwari, Mwari achitaura naye.

<sup>30</sup> Uye Mwari haatombounzi kutongwa panyika asina kutanga apa vanhu yambiro. Mwari haana chaanoita kunze kwekunge atanga achizivisa kuti ati Ari kuzoitai. Uye Anopa vanhu sarudzo, zvino unogona—unogona kuita zvakanaka kana zvakaipa. Ndizvo zvaKe...Munoona, Mwari haakwanise kushandura hunhu hwaKe—Ke. Hurongwa hwaKe haugoni kushanduka kubva pane zvaAkatanga nazvo, nokuti haAna magumo uye hurongwa hwaKe nepfungwa dzaKe zvose zvakanakwana. Saka, kana AkaHushandura, zvinobva zvaratidza kuti Awedzera pakudzidza. Saka, nokuti haAna magumo, haAna

zvimwe zvaangadzidza. Sarudzo yaKe—yaKe yokutanga—yaKe yokutanga inogara yakakwana, uye hapana chinogona kuIshandura. Maona?

<sup>31</sup> Mwari, munhu asati amboiswa...ava nemukana wekuita chakaipa, Mwari vakamuisa pachinhano chokuti anogona kubvuma kana kuramba, anogona kugamuchira kana—kana kurega.

<sup>32</sup> Ko, zviya, kana mushumiri uya ari muno, Hama Baker, ndinotenda vanga vari pa—pahurukuro pane rimwe zuva, ndine mibvunzo yavo yavanga vandinyorera maererano nembeu yenyoka. Ndinayo iri kuno uku zvino. Kana vari pano, ko, zvakanaka...Hapana pandiri kuvaona vari panguva ino. Asi iri pano. Ivo nemudzimai wavo, murume nemu—mudzimai vakanaka kwazvo, asi ha—havana kugona kunzwisisa zvinhu zvishoma pamusoro pedzidziso yembeu yenyoka, sei kuti—kuti...mimwe mibvunzo pamusoro pezvimwe zvandakanga ndataura, ne—nemharidzo dzakazotevera, ne—nekutaura pamusoro pe—pekubata pamuviri nezvimwe zvakadaro. Asi ini...zvino zvakanana nehama iyi, murume akanaka, anongori Mukristu kwemakore mashoma kana maviri, asi haana kungonzwisisa, munoono.

<sup>33</sup> Zvakaoma kana ukasa...Unofanira kutovimba neMweya Mutsvene nokuti Bhaibheri iri rakanyorwa nezvirahwe. Haungakwanise kugara pasi woRiverenga sebepanhau. Rakavanzwa. Hongu, changamire. Ko ungaruramise sei Mwari pavakaudza Mosesi kumusoro uko, ndokuti, “Iye zvino, usagadzire zvimupunzo zvipi hazvo,” mumirairo yaVo, “usagadzire chimwe chinhu chakanana necheKudenga, ipi—ipi zvayo Ngirozi, kana chimwewo chinhu, usagadzire zvimupunzo zvipi hazvo,” asi nezva rimwe chetero vakamuudza kuti agadzire Ngirozi mbiri dzendarira nokudziisa chaipo pachigaro chenyasha, pane tsitsi? Maona? Unofanira kuziva Mwari neHunhu hwaKe usati wakwanisa kunzwisisa Shoko raKe. Ndiye—Ndiye—Ndiye ane kiyi kuShoko irori, pachaKe, uye Ndiye—Ndiye Oga anokwanisa—anokwanisa kuribata nokuRizarura, saka Ndiye Oga anofanirwa kuRizarura.

<sup>34</sup> Uye zvino, tinoona kuti Hunhu hwaVo nakare, pano, kugara vachiyambira munhu asati atongwa, kuyambira nyika isati yatongwa, nezvimwe zvakadaro. Vanogara nguva dzose vachipa yambiro yaVo, rangaridzo kwatiri, yemutoro webasa. Tine mungava, uye Mwari vane chikonzero chavakatiisira pano panyika, uye chikonzero chacho chaVakatiisira pano, tine mungava kwaAri nokuda kwechikonzero ichocho. Unofanira kuenda kwaVari ugoziva kuti chii chaVanoda kuti uite. Maona? Kana ukasadaro... .

<sup>35</sup> Toti waenda kunoshandira mumwe munhu, zvino okupa basa papurazi remombe, kana kumwewo, zvino iwe wongoenda kudanga wobva wosvikogara pasi ikoko, woti, “Ko zvino?”



Munoona, unofanira kuenda unomubvunza zvaari kuda kuti iwe uite, zvino wobva wazviita. Kana uri kushandira mumwe munhu, bvunza mabasa aunofanira kunge uchiita.

<sup>36</sup> Zvino kana upenyu hwedu huri pano pa—panyika, zvino tinofanira kuenda kune Uyo Wakatiisa pano, uye, “Ishe, Munoda kuti ini ndiiteiko? Chii—chii—chii chandinofanira kuita? Ko sei ndiri pano?” Kana kuri kuva mudzimai mumba, musuki wendiro, kana kuri kuva... Chero icho Mwari chavanoda kuti iwe uite, zvino iwe chizviita zvakanakisisa nokuziva kwako kwaungagona kuzviita. Hazvinei kuti zviduku, hazvinei kuti zviduku zvakadini, unofanira kuzviita.

<sup>37</sup> Unoti, “Saka...” Dambudziko racho, nderokuti, mumwe nomumwe wedu anoda kuita basa remumwe. Tinoda tose kumhanya nehora, sokutaura kwatingaita, munoona.

<sup>38</sup> Sewachi iyi pano, zvino, kanhu kaduku kose kanofamba imomo kane nzvimbo yako. Zvino, zvose zvakaigadzira hazvikwanise kuva mawoko. Zvino, ndinongotarisa mawoko kuti ndione kuti inguvai. Asi kana kamwe kemavhiri maduku aya ari umu kakabva pahurongwa, haizochengeti nguva yechokwadi.

<sup>39</sup> Uye ndiyo nzira yazviriwo nevanhu. Tose, muMutumbi waKristu, unofanira kunge uri panzvimbo dzawo, muhumwe. Maona? Zvino tinogona kutarisa—tarisa toona kuti inenge iri nguva ipi yezuva. Maona? Zvino nyika iri kutarisa kuti ione kuti chii. Maona? Maona? Asi vari kukutarisai. Zvino kana ungori kaspring kaduku, spring huru, kana chero zvaungava, iwe ita basa rakanakisisa raunogona sokukwanisa kwako ipapo.

<sup>40</sup> Zvino, nokuti, tine mutoro webasa watinofanira kupindurira kunaMwari rimwe zuva. Munhu wese anouya panyika achazopindurira kunaMwari pabasa rake. Uye, kune vakawanda vedu, hutariri, tinofanira kuzvipindurira. Isu... Mutoro webasa yu hutariri hwakakumikidzwa kwatiri naMwari, handina basa kuti chii. Sokutaura kwandaita nguva shoma yapfuura, “mudzimai ari pamba,” zvino chiva mudzimai chaiye ari pamba. Ndizvo chaizvo. Kana uri kuzova murimi, iva murimi wechokwadi. Chero chingavei icho chawakaisirwa naMwari kuti uite, une hutariri pamusoro pazvo, hwauchapindurira pamusoro pahwo kunaMwari, nokuti zvinotora zvinhu zvose izvi kuzviita.

<sup>41</sup> Hezekia akaudzwa kuti agadzirise uye agadzirire nokuti akanga achizosangana noMusiki wake. Zvino, Hezekia akanga ari mambo, uye mu—munhu mukuru. Macherechedza here chikumbiro chake pano? “Ishe, ndinokumbira kuti mundirangarirewo. Nda—ndakafamba mberi kweNyū nemozo wakanaka.” Ichapupu chakadini kwa—kwa—kwatiri nhasi, uye zvinofanira kudaro, munhu anofamba pamberi paMwari.

<sup>42</sup> Kunyangwe rufu rwakataurwa kumurume yu asi Mwari vakashandura pfungwa yaVo pamusoro pake, nokuti Hezekia

akanga ari kuda kuita chimwe chinhu uye Mwari vakati iVo “vaizotipa zvisihuwo zvemoyo wedu.” Zvino nguva yaHezekia yakanga yasvika, zvino a—akanga ane kenza paari, kanawo zvimwe, zvino—zvino vakariti “mota” muzuva iroro, asi tinoziva kuti mota hariwanzokuuraya, vanongopora. Asi raive zvichida pamwe kenza, uye rakazaruka semota. Zvino—zvino Mwari vakaudza Isaya, ndokuti, “Enda kumusoro ikoko unomutaurira kuti ari kuzofa.” Zvino Hezekia akanga aine zvimwe zvaakanga achiri kuda kuita. Akanga aine—akanga aine . . .

<sup>43</sup> Ukakumbira chero chinhu kunaMwari, unofanira kunge uine chikonzero chacho. Zvakangofanana neGwaro iri randinowanzotaura nezvaro, “Kana ukati kugomo iri, ‘Tbva,’ usingapokane, asi uchitenda kuti zvawataura zvichaitika, unowana zvawataura.” Zvino, zvose izvi zvinotongwa nechinangwa nedonzvo, munoono, kana kuti hazviitike. Maona?

<sup>44</sup> Haungoenda kunze kuno uku. . . Ndipo apo vazhinji vedu tinokanganisa kakawanda, kuenda kunze uko unoti, “Zvino, ndichakuratidzai kuti ndine kutenda kwekuita zvakati.” Zvino, wakanganisa kubvira pakutanga. Mwari haangokupi zvipo kuti ugoita chokutamba nacho.

<sup>45</sup> Sezvandanga ndichitaura munguva shoma yapfuura, haAkuratidze zviratidzo zvokungotamba nazvo. Hazvisi zvokutamba nazvo. Zvinoera. Ingozvishandisa mu. . . sokutenderwa kwaunoiwa naShe. Iva musungwa kwaAri. Hazvina basa kuti ungada zvakadini kuudza munhu wacho kuti akakanganisa, uye kuti zvakati, zvokuti, kana nezvokuti, unoramba wakazvibata kusvikira Mwari ataura kudaro. Zvino kana Mwari ataura kudaro, zvararo unogona kuuya neZVANZI NAJEHOVHA! Zvisati zvararo, kanganwa nezvazvo.

<sup>46</sup> Nyi—nyika nhasi yakafanana nezvakanga zvakaita Hezekia kareko, yakayambirwa. Iri kungoramba ichiyambirwa. Kereke iri kuyambirwa. Uye, zvino, zvinhu izvi hazvingoitiki ne—nemasanga. Zvose zvine chimwe chinhu seri kwazvo.

<sup>47</sup> Zvino, Hezekia, achirwara, aine mota iri, akanga asiri masanga. Mwari vakatuma Isaya kumusoro ikoko ndokumutaurira kuti aise imba yake muhurongwa zvino nokuti akanga ari kuzofa. Zvino Hezekia akachema, ndokutaurira Mwari, “Ndakafamba mberi kweNyu nemoyo wakarurama zvino ndi—ndinoKukumbirai munditendere ndirarame nokuda kwechikonzero, chikonzero chakanaka, chikonzero chaMwari.”

Mwari vakaudza muporofita, ndokuti, “Dzokera unomutaurira.”

<sup>48</sup> Zvino hazvishamise here izvi? Hezekia ndiye akanga ari munhu mukurusa munyika. Maona? Hezekia akanga ari mambo, uye munhu wehumwari. Akanga ari munhu chaiye, kana akagona kukumbira zvakadarwo pamberi paMwari uye Mwari havana kumbomutsiura nokuda kwazvo, “Ndakafamba pamberi

peNyu nemoyo wakarurama.” Zvino uku kutaura zvakawanda. Maona?

<sup>49</sup> Zvino Mwari havana kumboti, “Kwete, Hezekia, hauna kuzviita,” asi Vakabvuma kuti akanga azviita. Uye Vakati, “Ndicha—Ndichawedzera hupenyu hwako kwekanguva.” Maona? “Ndichakupa chikumbiro chako,” munoona, nokuti akanga ari munhu wakarurama, akanga ari muranda waKristu we—wemazvirokwazvo.

<sup>50</sup> Uyezve tinonzwa kuti tine kodzero yekukumbira chimwe chinhu kana—kana donzvo redu rakanaka, uyezve chinangwa chedu kwazviri.

<sup>51</sup> Zvino, tinoona nhasi kuti kwemakore akawanda apfuura, ndingati kwemakore gumi nemashanu apfuura, nemamwezve makore akawanda, kuti nguva dzose kwanga kuine yambiro munyika yose, “Tendeukai, kana kuti munoparara!”

<sup>52</sup> Cherechedzai, ndanga ndiri kutaura kumudzimai wangu nhasi rungwanangwana, uye nda...kurumidza pakudya kwamangwanani, tanga takagara patafura tichitaura ndisati ndaenda. Zvino ndati, “Mudzimai...” Anga ari kutaura nezvaBilly Graham, nezvemudzimai wake, kuti vanongoedza kurarama sevanhuwo zvavo. Ndikati, “Uyo muranda waMwari wemazvirokwazvo kana asingaedze...kana iye...murume pamwe anowana mamiriyoni maviri kana matatu pagore uko mumisangano yake, asi haaitambire, sangano rake ndiro rinoitora, nokuidzose pabasa pamwe nenhepfenyuro, nezvimwe zvakadaro. Zvino Billy anowana kuda zviuru makumi maviri nemashanu pagore.”

<sup>53</sup> Mudzimai ndokuti, “Ko anoshandisa sei zviuru makumi maviri nezvishanu pagore?”

<sup>54</sup> Ndikati, “A—anatora iyo yaanongofanira kuve nayo, ndizvozvo. Ane imba inoda kubhadharirwa, nezvimwe zvose.” Ndaenderera mberi, zvino ndikati, “Ndine ruremekedzo rwakawanda kunaBilly Graham,” ndikati, “nokuda kwekuti ane mharidzo, uye mharidzo iyi ndeyekutendeuka.”

<sup>55</sup> Uyezve, ndinokutaurirai, hapana munhu wandinoziva, ari munyika nhasi, uyo akashandiswa naMwari nemharidzo iyi saBilly Graham. O, anonyatsoiunza, uye anongomirapo zvino, ndinoreva kuti, anodana vezvematongerwo enyika nenhengo dzemachechi kuti vatendeuke. Asi ndipo pega paanosvika.

<sup>56</sup> Zvino hepanoi panouya Hama Oral Roberts, mumwe muranda mukuru waShe. Uye hapana munhu anouya kunze uko waungaenzanise naOral Roberts. Kubata kuya kwakasimbarara kwekungo—kwekungodzinga mweya yakaipa nokudana paZita raShe ne—nemanyawi maduku, nezvimwe zvakadaro, zvekupodza kwaMwari. Ndizvozvo chaizvo. Pane mutumwa kuPentekosti.

57 Pane mutumwa kukereke yesangano renyika, munoona, nenyika yakatonhora.

58 Uye zvino tarirai kushumiro yedu duku yakaninipa, yakamira “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” munoona. Zviri kuitei? Kudana boka riya reMwenga, munoona. Maona? Munoona, i—inodana kubva kumapoka maviri aya. Iri kutora Vhiri kubva muvhiri. Munoona zvandiri kureva?

59 Uyezve Mwari vanosimbisa iyo mharidzo inoparidzwa naBilly Graham. Mwari vanopodza varwere neminamoto yaOral Roberts. Uye Mwari vanoita zvinhu izvo Jesu . . . kuratidza kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye iri kudana zvinhu zviya zvaka . . . Imharidzo dzenguva. Uye imwe neimwe yemharidzo idzi iri kudanzira, “Tendeukai, kana kuti moparara!” Ndizvozvo chaizvo. “Tendeukai, kana kuti moparara!” Hapachina tariro, zvose zvaparara. Nyika yayambirwa nezveKuuya kwaKe. Imwe neimwe yemharidzo idzi inotaura pamwe nokuyambira nezveKuuya kwaShe Jesu, kune vose kereke yesangano . . .

60 Rangarirai, Mwari vanogara nguva dzose muhutatu. SaBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene; uye kururamiswa, nekubhabha- . . . nekucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; nezvimwe zvakadaro; Ari muhutatu.

61 Zvino, Mwari ndivo mharidzo iya yekutendeuka kukereke yehurongwa. Mwari vari mumharidzo yekupodzwa naMwari kukereke yePentekosti. Mwari vari muMharidzo kuMwenga. Maona? Saka tinoona kuti dzose dziri kudanzira, mumwe kune *izvi*, uyu kune *izvo*, uye uyo kune *izvo*. Mwari vachidana kereke kubva munyika; uyo . . . kudana kereke iri mukereke yesangano kupinda muPentekosti; nokudana Mwenga kubva muPentekosti. Maona?

62 SaLuther, Wesley, naiye zvino. Munoona, zvakanyatsofananidzwa uye hapana kukanganisa pazviri. Ndakarova mikombero yazvo yose, nemativi azvo, nemukati nekunze kwazvo, nokuzviratidza neGwaro, mafambiro azvo munguva, kusvikira taona kuti iChokwadi zvemazvirokwazvo. Maona? Hapana kukanganisa. Svondo ndine tariro yokuti Mwari vachazvinyudza zvakadzika zvokuti hamuzokwanisi kubva pazviri. Maona?

63 Zvino, Mwari vachipa yambiro, “Gadzirirai kutongwa.” Mabhambo eatomiki arimo maanochengeterwa, zvinhu zvose zvamira zvakagadzirira. Uye Mwari, asati arega chinhu ichi chichiitika, Anodanzira zvichidzika nekweise, sezvaAkaita muSodhoma, “Budai kunze kwayo. Gadzirirai. Pane zviri kuzoitika.”

64 Semumazuva aNowa, Mwari vasati vatumira mvura kuzoparadza nyika munyika huru yokuparadzwa nemvura iyo

yakanga yawira muchivi, sezvo Jesu akataura zviripachena kuti raiva zuva rakafanana nerino. “Sezvazvaiva mumazuva aNowa, ndizvo zvazvichave pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Uye kuti madzimai akanga ongoita zvese-zvese, ne—nekuroorana nokutorana mumuchato, ne—nebudiriro huru dzesainzi, uye vakangwara vakadzidza vave kutora divi ravananyanjere, zvino Boka duku rakaninipa rakagara kune rimwe divi rakamirira kutongwa kuri kuuya nekupunyuka. Zvino Mwari vasati vatumira kutongwa uku, vakatumira muporofita.

<sup>65</sup> SezvaVakaita kunaHezekia, Vakati, “Gadzirira, nokuti kutongwa kwave kusvika.”

<sup>66</sup> Zvino akaita kuti vanhu vagadzirire nguva iyi. Nowa akaita kuti vanhu vagadzirire, uye kwaiva kudana kwetsitsi kutongwa kusati kwasvika.

<sup>67</sup> Ninevhe yakaziviswa nguva yayo isati yasvika. Mwari vakatarisa pasi kuNinevhe, zvino Ivo ndokuti, “Nda—ndaneta nezvinhu izvi.” Ndi—ndi—ndinonzwisisa kuti—kuti iro... kunyangwe iyo nyika huru, yevahedheni, nemarudzi asiri Israeri... Guta ravo, sezvazvaiva mumazuva iwayo, vaivatonga seguta; iye zvino nyika, zvino mushure mokunge vanhu vapararira sezvavaiita. Vakati, “Guta guru iri razvipira, zvachose, kuchivi.”

<sup>68</sup> Zvino Mwari, Vasati vatumira kutongwa, Vakatumira shoko rokuyambira, “Budai kubva mariri! Itai zvakanaka!” Tarirai, muporofita hapana chaakataura asi—asi kutora... Ndokuti, “Mumazuva makumi mana guta rino richaparadzwa.”

<sup>69</sup> Uye, o, kuti zvakaoma sei pane dzimwe nguva kuita zvinhu zvakadaro, kuudza vanhu. Kana muporofita akasangwarira, anopinda mudambudziko, nokuti anozoita sokutsauka kune rimwe divi, achiedza kuti zvireruke, kana kurerutsa zvisvishoma pano nezvisvishoma apo. Asi muporofita wechokwadi ane rairo inobva kunaMwari, haafanire kuwana chaanorerutsa, anofanira kunyatsozvitaura sezvazviri.

<sup>70</sup> Ndicho chikonzero Vakashandisa mweya waEria kakawanda, munoona, nokuda kwekuti mweya uyu nguva dzose waiita zvaVanenge vauraira. Muri kuona? Munoona, waiita sokuraira kwaVo nemazvo sezvaZvaiva, uye nguva dzose “Dzokai kuShoko!” Maona? Nguva dzose unovadzosa kuShoko.

<sup>71</sup> Zvino, tinoona Ninevhe iri muchivi. Zvino muporofita waizengurira nokuda kwekuti yakanga iri nyika yevaHedheni, maona, yaiva nyika yevaHedheni, vanhu vavaHedheni; kwete vokwake, vakanga vasiri vaHebheru. Vakanga vari vaHedheni. Ngarava huru, Ninevhe raiva guta guru repamahombekombe enyanza rezvekutenga nokutengeserana, kwaiva ikoko nebasa guru rezvehove, vanhu vairaura. Uye—uye vai—vaiva... vaifanira kunge vaiva nyika huru yakazara nezvivi. Mari yaive

yakawanda; zvino—zvino pane mari yakawanda, vanhu vari mune zvinofarirwa zvezuva iroro, chivi nguva dzose chinopinda, pamwe nekurwisana.

<sup>72</sup> Mwari vakanga vaneta nazvo. Saka Vakanga vaine muporofita munyika, saka Vakati kumuporofita waVo, “Dzika zasi ikoko kuNinevhe ugodanidzira, zvino uchiti, ‘Mukati memazuva makumi mana guta riri kuzoparadzwa.’”

<sup>73</sup> Zvino, Jona akafunga zvino, “Munoziva, ndinogona kupinda mune kadambudziko.” Nokudaro aida kunyatsova nechokwadi chiri nani, saka akafunga kuti angangatora kazororo kaduku zvino—zvino oenda zasi kuTashishi. Zvino tinozoona kuti... pakanga pangosara mazuva makumi mana. Maona?

<sup>74</sup> Saka Shoko nderechimbichimbi, nguva yave kukwana. Usatamba nezvimwe zvinhu wowana dhigirii reBachelor of Art wovana zvimwe zvinhu. Nguva yave kukwana! Ndiro dambudziko rine vanhu nhasi, tiri kuedza kuvaka zvikoro zvikuru tova nezvinhu zvikuru saizvozvo. Apo tsitsi... Zvangu ini! Kana tikaparidza Kuuya kwaShe, ko zvikoro tinozvida zvei? Tinoda kutendeuka kunaMwari! Maona?

<sup>75</sup> Sezvakataura Hudson Taylor kumumishinari wechidiki, akati... Kana kuti, mumwe mukomana muduku muChaina akauya kwaari, akati, “VaTaylor,” ndokuti, “Ishe Jesu vandizadza neMweya waVo.” Ndokuti, “Ndi—ndiri kufara zvikuru!” Akati, “Ndingatore makore gumi here zvino ndowana madhigirii angu nezvimwe zvakadaro?”

<sup>76</sup> Akati, “Mwanakomana, usamirire madhigirii. Kana kenduru yabatira, enda unoZvitaura! Enda unoZvitaura. Usamirire madhigirii. Kwete, uchange wabvira kusvika pakati usati wapedza, madhigirii ako.”

<sup>77</sup> Regai, kana yabatidzwa, kana pasina zvimwe zvaunoziva, ingotaura mabatidzirwo ayakaitwa. Uye chingo—chingorega kuedza kutora nzvimbo yemumwe munhu, kana imwe nzvimbo. Kana wazviziva, chingotaura zvaunoziva kuti iChokwadi, “Iyi ndiyo nzira yaZvakauya pandiri, uye aya ndiwo manzwiwo andakaita pamusoro paZvo.” Ndizvo... Kana usingazive zvinodarika izvozvo, taura izvozvo! Handei! Shoko nderechimbichimbi, nguva yave kukwana.

<sup>78</sup> Zvino, ko dai Isaya akati, “Saka, zvino ndichamirira ndigoona kuti achagara sei nemota iri, kutanga, munoona. Kuona kuti sei—kuona kuti sei iro...?”

<sup>79</sup> Munoona, Mwari vakamutaurira, “Enda kumusoro ikoko unomuudza, iye zvino!” Maona?

Uye Akaudza Jona kuti aende. O, zvangu ini!

<sup>80</sup> Zvino paakapinda munyanza iya nemugungwa raive rakadzika, zvino—zvino ngarava yakatadza kufamba mudutu, zvino vakanga vasimudza jira rinoifambisa zvino

ndokutenderera ichitenderera, vakatanga kunetseka kuti chii dambudziko raivepo ipapo. Asi vakatadza kuzviziva, zvakanga zvava kuita sokunge yakanga yave kuzara nemvura. Zvino—zvino munhu wese akanga ari kudana panaMwari wake, zvino chinhu chokutanga munoziva...Jona akanga ari pazororo rake, saka akafunga hake kuti ambokotsira hake, zvino anofanira kunge akadzika pasi mukamuri yezasi yengarava, zvino ndokurarapo makumbo ake akarembedzwa mudenga, akakotsira. Zvino akati, “Muka, O iwe nyanungo, uye udane panaMwari wako!” Zvino Jona akaziva paiva nedambudziko.

Ndizvo zvinoitawo munhu wese anoziva pane dambudziko nhasi! Maona?

<sup>81</sup> Zvino akati, “Imhosva yangu. Nditorei musunge mawoko angu, mugondikandira mugungwa, zvino dambudziko iri rinobva rapera.” Zvino vakanga vakaitawo seboka revarume vane hunhu kwawo uye vakanga vasingadi kuzviita, asi vakazoono kuti aiva muporofita uye aiziva zvaakanga ari kutaura. Akati, “Nda—ndakafunga kuti ndimbotora zororo rangu kutanga, asi—asi Ishe havasi kuda kuti nditore zororo iri. Ndinofanira kuenda zasi ikoko, ndine basa rokuita. Ndakafunga kuti ndimbozorora zvisihoma ndisati ndaenda, asi ndinofanira kuchienda. Sh—shoko racho nderechimbichimbi, ndinofanira kusvika ikoko.”

<sup>82</sup> Ndinofungidzira, apo hove iya yakanga yakagadzirwa yakamedza Jona zasi mudumbu rayo, yakatendeuka ndokukandira mvura kwese-kwese panyika, ndokumhanya yakananga kuNinevhe nokukwanisa kwayo kwese. Mwari vakanga vari kuendesha shoko riya ikoko riri muhove iya yakagadzirwa. Zvino yakamhanyira kuNinevhe nokukwanisa kwayo kwese, nokuti ya—yakanga ine mutumwa wayakatakura zvino yaifanira kumusvitsa ikoko. Akatora chikepe chisiri icho, asi Mwari vakanga vaine ngarava yake.

<sup>83</sup> Saka, munoziva, Mwari vanokwanisa kuita zvinhu zvikuru kana tikangoteerera kwaVari. Maona? Va—Vanogadzira Vanogadzira nzira pasina nzira. Iye *ndiye* Nzira. Maona? Zvino kana Shoko riri rechimbichimbi zvemazvirokwazvo, sezvaRiri nhasi, Mwari vanopa nzira.

<sup>84</sup> Tinocherechedza zvakare apo Amosi...Ndakaparidza nezvemuchinda muduku uyu, Amosi. Kana uchida kuzoverenga nyaya yacho pane imwe nguva, yakakura, verenga nyaya yaAmosi, chitsauko chokutanga chaAmosi. Ndiye mumwe mufananidzo weya—yambiro kutongwa kusati kwarova chivi. Zvino, guta raakanga ari kuzoyambira, ikoko, rakanga riri boka remaJudha va—vakanga vose vabva mugwara zvino ndokuva nzvimbo huru yevashanyi. Uye—uye ndinofungidzira, sokupa kwandakaita mufananidzo wacho mangwanani aya, ndichitaura nezvake, kuti, apo musoro wake waiva nemhanza pawakasvika pamusoro pechikomo zvino meso ake akatsinzinyira paakatarisa

pasi ndokuona chivi chenye huru iyi nevanhu, ndebvu dzake chena achidzipuruzira neminwe sezvizvi. Zvangu ini, chaiva chinhu chakadini! Asi hapana anoziva kwaakabva.

<sup>85</sup> Hapana anoziva vaporofita ava, vanongonyuka vachibva pane imwe nzvimbo vodzokera nenzira imwe cheteyo.

<sup>86</sup> Asi akapinda muguta aine “ZVANZI NAJEHOVHA! Tendeukai, kana kuti munoparara! Nokuti Mwari vachaparadza nyika ino. Vacha—Vachatsvaira nzvimbo ino kubva panyika. Makaita wirirano nemuvengi wenyu. Zvino muri—muri murugare, munofunga, nemuvengi wenyu, asi nguva dzose vaAsiria vari—vari kuvaka kunze uko. Hamukwanise kufamba vaviri pamwe chete kunze kwekunge muchiwirirana. Ndzivo zvoga.” Saka akati. . .

<sup>87</sup> Uye Mwari vanoda kuti tizvipatsanure. Vanoda kuti isu “tibude kubva munyika,” kwete kuedza kugara nyika naMwari zvakare, kwete kuedza kuzvifananidza nyika naMwari. Unofanira kuraramira Mumwe kana mumwe wacho, unofanira kutenda Mumwe kana mumwe wacho.

<sup>88</sup> Uye zvino tinoona kuti, Amosi uyu, akafanotaura kutongwa pamusoro pevanhu ava kunze kwekunge vatendeuka. (Uye—uye, zvangu ini, zvi—zvinonyatsoenderana nezuva redu.) Ndinofunga guta guru iri, pakutarisa neumu zvakare, guta guru zasi uko, kuti rakanga rose razvipira, ne—nehupfumi hukuru hwavaive nahwo hwezvinhu zvole, vakabudirira. Zvino vakafunga kuti vaive chaimo mukuda kwaShe, nokuda kwekuti vainge vari kubudirira. Asi vakazoona kuti Mwari handivo nguva dzose muvambi webudiriro. Kwete, Mwari. . .Dzimwe nguva kana chechi yabudirira, inobva paVari.

<sup>89</sup> Munoziva, Mwari vakataura pamusoro peIsraeri pane imwe nguva, ndokuti, “Ndakakuwana uzere ropa mumunda, zvino ndikakushamba ndokukuunza mukati,” kuti uve mwana waKe pachaKe. “Zvino pawakakura, uri mudzimai muduku akarurama pachiso, wakaita upfeve.” Vakati, “Wa—wa—waingozvipira kune wese ainge achipfuura.” Maona? “Asi pawakanga uri murombo uchishaiwa, pa—pawaiva nechishuwo, wakaNdishumira. Asi paNdakakuropafadza nokukupava zvakanwanda, zvino wakabva paNdiri.” Zvino zvinoratidzika sokunge zvakadaro. O, zvangu ini!

<sup>90</sup> Zvino, tinoona kuti muporofita uyu akanyatsorova nyika iyi, Amosi uyu. Aingova murimi. Asi tinoona kuti paakazviita, akarovedzera ndokuvaudza zvazvaizova, ndokuvaudza kuti kana vakasagadzirisana naMwari muvengi uya wavakanga vabatana naye achazova iye wacho achavaparadza.

<sup>91</sup> Zvino tinoona kuti America yedu inozvikudza haisi kuzopunyuka hashu dzaMwari. Sezvandakambotaura rimwe zuva pandaive pano, ndine chokwadi kuti ndepano, kuti zvole zvave kumagumo. Munoziva, Ha—hapana



chandinoona chokuvakira pachiri. Haukwandise kuvakira pane zvevatongerwo enyika, zvaparara. Hau—ukwandise kuvakira pahupenyu hwemagariro evanhu, nokuti hauchisina hunhu. Ha—ha—hapachisina chinhu chaunogona kuvakira pachiri. Uye hapana chinhu chaunogona kuisa tariro yako pachiri.

“Ko chechi?”

<sup>92</sup> Hameno, hapana chaunogona kuita nechechi, yava muhurongwa uye yaparara, hapana chasara. Vakasotengesa hudangwe hwavo nepoto yenyemba, zvino vangomirira kutongwa. Mweya Mutsvene wapoterera munyika ino, uchiratidza mashura nezviratidzo zvaWo, zvino vanoenda mberi nokuramba nyasha dzaKe. Iye anoZvisimbisa uye nokuratidza, nokusimbisa kwaKe kukuru, kuti Ndiye Shoko raMwari rakaratidzwa muzuva rino. Uye nazvino vachiri kuRiramba. Maona? Hapana chasara zvino. Haukwandise kuramba uchingoita zvakadaro kunaMwari. Maona?

<sup>93</sup> Zvakanaka, tinoona, kutanga, Vanotumira vaporofita Vavo vaine yambiro. Havashandure nzira yaVo, maitiro aVo ezvinhu.

<sup>94</sup> Havarangi nguva dzose paVanoyambira. Ndinoda kuti mutarise chitaurwa ichi. Mwari vanopa yambiro asi Havarange nguva dzose panguva imwe chete iyo yaVanopa yambiro. Makazvicherechedza here? Uye zvino Vakasarova paVanenge vatumira yambiro, zvino muporofita anonyombwa, “Wanga usinaRo. Wareva nhema. Wa—wanga usiri mugwara.”

<sup>95</sup> Zvinhu zvimwe chete zvinogona kunge zvakataurwa kuna—kuna Isaya. Munofunga kuti murume uyu akafungei paakaenda kumusoro ikoko ndokuporofita kuti mambo akanga “ari kuzofa,” zvino ozodzoka oti, “Kwete, achararama?”

<sup>96</sup> Ko kuzoti Jona achimhanya nemudzinzira, achiti, “O, guta rino riri kuzoparadzwa mumazuva akati, mazuva makumi mana,” zvino zvadaro Mwari havana kuzviita?

<sup>97</sup> Munoono, munofanira kutarisa, Mwari havawanzorovi paVanoyambira. Asi Va...Pane chinhu chimwe chete, zvino muporofita anonyombwa. Asi kana ari muporofita akasimbiswa ane Shoko raShe, munoono, zviratidzo zvaMwari, zvakasimbiswa, sezvo Mwari vakati muporofita anenge akasimbiswa (zvaive zvakaikwa varume ava), munoono, Shoko rake handi rake, asi ndiMwari, zvino rinozoitika. Rinofanira kuitika kana Riri Shoko raMwari. Pane chinhu chimwe chete chinogona kurimisa, kutendeuka nokukasika.

<sup>98</sup> Cherechedzai, Amosi, a—akararama kusvika pakuona chiporofita chake, asi Amosi paakataura pamusoro peguta iri, kuti zvaizoitika sei, kuti Mwari vaizoita kuti vaSiria vaizouyamo vovatora, nezvimwe zvakadaro, uye kuti huori hwavo hwaizovadya. Sei, ndinotenda kana ari iye zvino... Ndakatarisa pasi pano paGwaro, uye kana ndichinge ndariverenga zvakanaka, zvakaikwa kuda makore makumi

mashanu mushure mokunge Amosi aporofita. Uye, zvino, munofungei? Chizvarwa chizere chakapfuura chiporofita chaAmosi chisati chazadzikiswa. Asi kana mukaverenga pano apa, panokuudzai, uye zvakanyatsoitika nemazvo shoko rimwe nerimwe rezvaakatura. Maona?

<sup>99</sup> Johane akaona Bhuku reZvakazarurwa. Harina kuitika muzuva rake. Asi tiri kuriona riri kuzadzikiswa nemazvo. Maona?

<sup>100</sup> Dhanieri akaporofita zveiro zuva, zvezuva rake zvichidzika kwese. Haana kurarama kusvika azviona. Akati, “Enda hako, Dhanieri. Zarira bhuku—bhuku, uye—uye pfiga bhuku. Uye uchavata mumugove wako, asi pazuva iroro uchamira.” Maona?

<sup>101</sup> Zvino, munoona, ma...haugare nguva dzose...Mwari...kurova pachopachopaporofita. Chiporofita chaAmosi, sezvandareva, aiva makore makumi mashanu akatevera, chikazoitika. Asi chakaitika!

<sup>102</sup> Uyezve muporofita mu—mu...weBhaibheri...Muporofita wechokwadi, chaiye munhu akatsaurwa. Kwete “akatsaurwa,” zvokusiyana nemunhuwo zvake, asi ane basa rakatsaurwa. Maona? Uye, aine kutumwa kwakatsaurwa, anofanira kuve akatsaurwa (akati siyanei zvisvoma nevamwe) kuitira kuti agodaro.

Zvakafanana naMwari vakafananidza *vaporofita* vaVo kuti vave “chapungu.”

<sup>103</sup> Zvino, chapungu ishiri yakatsaurwa. Chinongori shiri, asi ishiri yakatsaurwa. Uye chinogona kubhururuka kuenda mudenga kudarika dzimwe shiri dzose. Chinogona kuona zviri kure kudarika dzimwe shiri dzose. Uye, zvino, kuti chiende mudenga zvakadarika dzose, chinofanira kugadzirwa zvokuti chigogona kuenda mudenga. Zvino zvingachibatsirei kuti chikwire kumusoro ikoko kunze kwekunge chichiona zvachiri kuita mushure mokunge chasvika kumusoro ikoko? Maona? Nokudaro chinofanira kunge chiri shiri yakagadzirwa zvakatsaurwa. Maona? Chakada kuva mu—mumhuri yerukodzi, chino “bvarura nemuromo.” Uye chinodya...zvishinji zvacho zvinotsvaka zvakafa kare. Pane kuda mhando makumi mana dzakasiyana dzezvapungu.

<sup>104</sup> Asi, munoona, muhechi mune mufundisi, zvino mufundisi uyu murume akatsaurwa. Akagadzirwa zvokuti anokwanisa—anokwanisa kumira zvakadaro vanhu pavanenge vachinetsana. Iye—iye—iye ndiye mutakuri wemutoro, ndiye nzombe yeboka. Iye—iye ndiye munhu anokwanisa kugara pasi kana avo...kana mumwe munhu aine chaakakanganisirana nemumwe munhu, zvino anogara pasi nemhuri mbiri idzi (asingatore divi) zvino vokurukurirana ozvidzose kusvika zvave kutapira. Maona? Iye—iye mufundisi, anoziva kugadzirisa zvinhu.

<sup>105</sup> Muvhangeri murume akatsaurwa. Ndiye munhu anopisa sebhora remoto. Anomhanyira muguta oparidza mharidzo yake, zvino obva abuda oendawo kumwe. Munoono, murume akatsaurwa.

<sup>106</sup> Mudzidzisi murume akatsaurwa. Anogara pasi pechizoro cheMweya uye anokwanisa kutora Mashoko oaisa pamwe chete kubudikidza neMweya Mutsvene, izvo, mufundisi kana muvhangeri, upi wavo, haangaenzaniswe naye.

<sup>107</sup> Uyezve, tinoona kuti, muapostori murume akatsaurwa. Murume ano—murume ano “gadza muhurongwa.” Ndiye munhu akatumwa kubva kunaMwari kusvikogadza zvinhu muhurongwa.

<sup>108</sup> Muporofita murume akatsaurwa. Muporofita ndiye murume kunouya shoko raMwari, nokuti muporofita akagadzirwa (upenyu) kuti hana yake yemukati nehana yake yokutanga zviri pedyosa zvokuti haakotsire kuti arote chiroto chake, anochiona akanyatsosvinura. Maona? Zvino, chimwe chinhu chinofanira kuitwa naMwari. Munoono, anoona zviri kuitika.

<sup>109</sup> Muporofita anofanoona zvichiri kure, oona, zvinhu zviri kuuya. Anoona mukombe wehasha dzaMwari, wakazara, ipapo usati wazara. Maona? Anokwanisa kuti, “ZVANZI NAJEHOVHA! Mwari vachaparadza guta rino kunze kwekunge matotendeuka.” Nemhaka yei? Iye ichapungu. Anokwira kuenda kure. Maona? Zvino anotarisa ari kumusoro ikoko zvino anoona mukombe wehasha uchidururwa. Ndzivo zvakatariswa nemuporofita. Haana kutarisa pane zviri kuitika pano, akatarisa mberi-mberi! Ari kuti, “Uri kuuya!” Anokwanisa kukwira mudenga kusvikira ave kuona mumvuri. Akati, “Akati nyika ichange yasviba—rima uye rima guru.” Ari mudenga zvakakwana, zuva riri kupenya iko zvino, asi anoona mumvuri uchiuya, uye ari—ari—ari kutaura zvaakatarisa. Hazvisati hazvo zvave pano, asi zvirokwazvo zvichasvika pano! Ndzivo chaizvo. Zvichava pano, rima guru pavanhu. Anoziva kuti riri kuuya, makore akawanda richiri kure, asi zvakadaro anoriona.

<sup>110</sup> Amos, muporofita uya waMwari akazodzwa, akaona ri—rima nekutongwa. Akaona Siriya ichidzika nengoro dzayo dzehondo ndokutsvaira imomo, ndokuparadza vanhu vose imomo. Akazviona zvichiuya pamwe nekutonga kwaMwari kuchiuya pavari, zvino, makore makumi mashanu zvisati zvakaitika. Asi, munoono, nokuti aiva muporofita, akasimudzirwa muMweya ndokuzviona zvichiri kure. Maona? Akaona mukombe, wakazara, usati wazara.

<sup>111</sup> SaAbrahama. Mwari vakaudza Abrahama, “Mbeu yako ichauya munyika ino uye vagogaramo kwemakore mazana mana, zvino ndichazovabuditsa imomo neruoko rwunesimba, nokuti kusarurama kwavaAmori hakusati kwazara.” Maona? Mwari vaiziva kuti mukombe yuwaizozara. Vakanga vari

kutaura nemuporofita waVo, Vakamuudza zvino, “Uri kuona mukombe wevaAmori zasi uko,” munoono, “asi kusarurama kwavo hakusati kwazara zvino, Abrahama. Usataura nezvazvo zvino, mira, asi zvichauya. Zvino kana mukombe wavo wazara, uye makore mazana mana aya, ndichavadzinga semhashu kubva pamberi penyu, uye ndichasimbisa rudzi rwako muno munyika ino.” Ameni! Ndiye muporofita waJehovha.

<sup>112</sup> Zvino, paanotaura nezvechiratidzo chake, kunyange dziri hashu kana kunyange kuri kupodzwa, zvinogona kutora nguva, asi zvinofanira kuitika kana achinge ataura nemuZita raJehovha. Maona? Rinogona kunge riri ropafadzo raataura kwauri. Anogona kukuudza chimwe chinhu, zvino iwe watotadza kuchiona zvachose. Woti, “Ko zvinoitika sei? Sei, zviru. . .Ini—ini—ini. . .Akandiudza, ‘ZVANZI NAJEHOVHA, “Zvakati zvichaitika, uye nezvokuti zvakanga zviru kuzoitika,” uye hazvina kuitika. Murume wacho akakanganisa!” Zvino uchatongerwa kusaZvitenda, asi zvichaitika chete! Maona? Zvichaitika!

<sup>113</sup> “Kunyange zvikanonoka,” Bhaibheri rakati, “asi zvakadaro chichataura mumwaka wacho.” Zvichaitika.

<sup>114</sup> Muporofita ari kungotarisa kure achiona chimwe chinhu. Ari kutaura pamusoro pezvaakatarisa. Haasi kufunga pamusoro pezviru pano uye nezvauri kuratidzika zvino, akatarisa pane zvazvichazova. Uye paanozvita, kana zviru muShoko raShe, rinenge rakataturwa kare uye hapana chimwe chinhu munyika ino chinogona kurimisa (munoono, ndizvozvo,) Mwari voga pachaVo.

<sup>115</sup> Cherechedzai, zvino tinoona kuti kana. . .A—anotaura chiratidzo chake, muporofita anozviita. Zvino, dzimwe nguva anotaura zvinhu zvakana, anotaura nezvekupodzwa kwako. Zvakana, unogona kufunga, “Hazvingamboitiki, handisati ndave zviru nani.” Zvino chii chazvinoita? Zvinogonza kutonga kwaMwari pauri. Ndizvo chaizvo. Maona? Jesu akavimbisa kukuponesa kana ukangoZvitenda; kana ukasaZvitenda, hazvizo—hazvizoitiki kwauri. Unofanira kuZvigamuchira, unofanira kuZvitenda. Maona? Uye unofanira kuziva kwaZvinobva, zvinopa kutenda kwako munaMwari; kana, muporofita wako. Maona? Unofanira kuZvitenda.

<sup>116</sup> Uye zvino tinoona pano, kuti vaporofita ava vakataura, va—vakataura uye zvavakataura zvakaitika. Zvino kana hashu dzaMwari dzikadururwa pavanhu, panongori nechinhu chimwe chete. . .Kana muporofita uyu akati chimwe chinhu chichaitika, panongori nechinhu chimwe chete chinomisa ruwoko rwaMwari, kutendeuka. Kutendeukira kunaMwari, zvinomisa hashu dzaKe. Zvino, usadzimirire, chingozviita zvino! Mwari vakataura chimwe chinhu, iwe ibva wachiita pakarepo.

117 Hezekia, paakangoziva... Akanga ari munhu akanaka, asi Mwari vakati, “Nguva yako yasvika, Hezekia, zvino Ndi—Ndinofanira kukutora. Ndi—Ndinoda kuzviita, ndiri kuzokutora kuno. Isa musha wako muhurongwa.”

118 Zvino iye—iye—iye akati, “Zvichanditorera makore gumi nemashanu kuzviita, Ishe.” Maona? “Zvino, ndiMi... Ndi—ndi—ndinoziva kuti ndiri kuenda, asi zvichanditorera makore gumi nemashanu kuti ndiise imba yangu muhurongwa. Handikwanise kuzviita iye zvino. Ha—handina nguva yekuzviita. Ha—ha—handisi kukwanisa kuti ndizviite. Ishe, regai ndirarame mamwe makore gumi nemashanu kuitira kuti izvi ndizviite. Handisi kukwanisa kuisa imba yangu...”

Munoona, rairo yaMwari yaiva yokuti, “Isa imba yako muhurongwa!”

119 Zvino Hezekia akati, “Handikwanise kuzviita mugore rino, zvichanditorera nguva. Ndichadzosea *ichi*, ndogadzirisa *ichi* ndoenda nacho kumuchinda ari uko, zvichanditorera makore gumi nemashanu kuzviita. Chingondisiyaiwo ndizviite. Regai ndi... regai ndi... ndipeiwo nguva shoma yokuzviita.” Maona?

120 Zvino Mwari vakati, “Ndicha—Ndicha—Ndicha—Ndicharerutsa.” Asi aizofanira kufa zvakadaro, munoona.

121 Uyezve zvakare, akatora nguva yake, ndokudzokera shure munguva iyoyo. Maona? Uye aigona kunge angadai ari nani dai ainge akaenda asina kuisa zvinhu muhurongwa. Ndizvo chaizvo. Asi Vakamuwedzera makore gumi nemashanu kuti aise musha wake muhurongwa. Nokuti, nokukasika, chii chaakaita? Akati, “Ishe, ndinononokera. Ndinoda makore gumi nemashanu kuti ndizviite. Mandiraira kuti ndiise imba yangu muhurongwa. Handikwanise kuzviita mumakore gumi nemashanu nokuti ndine chikwereti pano, uye ndine *ichi* nechepano apa, uye ndine *ichi* nechekuno uku chekuita.”

122 Uye, akanga ari munhu ane humwari, zvino Shoko raMwari rinofanira kuitika zvakadaro. Riri kuzozadzikiswa kunyange zvakadaro, asi VakangoRimisa kwechinguvana, munoona, kuRimisira iye. Zvino ndokuita chivi panguva iyoyo. Akati, “Handisi kuzozviita kuti zviuye paari, asi ndichazvishanyira pavana vake vanouya shure kwake.” Munoziva nyaya yacho.

123 Zvino, tinoona kuti kutendeuka nokukasika kunombomisa hasha kwechinguvana.

124 Zvino, tinoona kuti Ninevhe... Mwari vakati, “Dzika zasi ikoko unodanidzira kuguta iri zvino, ugovataurira, ‘Kana... mukati memazuva makumi mana chinhu ichi chiri kuzoparara.’” Uye, zvangu ini, vakatendeuka! Pavakangoona muporofita achiuya nemumugwagwa, achiti, “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Nzvimbo ichaparara mukati memazuva makumi mana! Nzvimbo ichaparara!’” Nzvi...

<sup>125</sup> Kana namambo akaraira kuti pave neku—ku—kutsanya munyika yose, vachichema, “Pfekai masaki, isai madota! Kwete pamusoro wako nepamuviri wako nepanyama yako, asi nepamombe dzako, nepazvipfuwo zvemumunda, isai madota nemasaki.” Kutendeuka kwakadini!

<sup>126</sup> Zvino, patinoona ipapo, tinocherechedza, kana muporofita akasatarisa nokukasika, munoona, oisa pfungwa dzake pamwe chete oenda kunaMwari, munozoona chimwe chinhu ipapa, kana mukasangwarira . . .

<sup>127</sup> Zvino tarisai kuna Isaya, akangotaura chiporofita chake, ndokuenda mukamba kake kemurenje. Zvino, paakadaro, Mwari havana kutaura namambo akanga ari kunamata. Vane nzira yavanoita nayo zvinhu. Paiva nomuporofita munyika. Shoko raShe rinouya kumuporofita waKe. Vakaenda kunzeka ndokuti, “Isaya, dzokera unomutaurira kuti ndanzwa munamato wake. Ndzanzwisisa kuti . . . kuti ari kufunga kuti zvinomotorera makore gumi nemashanu kuti azviite. Ndaona misodzi yake nokuda kwekuti anga achida zvikuru kuita basa iri. Zvichamutorera makore gumi nemashanu, adaro, kuti azviite. Chienda unomutaurira kuti ndichamuita kuti ave nawo, zvino.” Maona?

<sup>128</sup> Sei? Vakaraira—Vakaraira Isaya kuti anomuudza, “ZVANZI NAJEHOVHA!” Zvino kana paine shanduko pane izvi, kana zviri kunonoka . . . Zvichaitika zvakadaro; a—akazofa zvakadaro. Asi ndokuti . . . Kana paine chimwe chinhu imomo, zvino Vakasangirwa kudzoka kumunhu waVatumira ZVANZI NAJEHOVHA. Vakaudza Isaya, “Dzokera kunze uko unomutaurira.”

<sup>129</sup> Zvino, Jona akatora maonero akasiyana, ndokukwira pamusoro pechikomo ndokuti, “Haiwa, zvingadai zvakanaka dai ndisina kumbozvarwa.” Uye, o, zvaakaenderera achiita! Mwari vane kamupudzi kavakaita kuti kamere ndokumugadzirira mumvuri kusvikira ave kutonhorerwa kumusoro ikoko. Asi akati, “Zvino, pano, ndadzika zasi uko, zvino vachati ndiri muporofita wenhema.”

<sup>130</sup> Zvino Mwari vakataura naye, ndokuti, “Tarisa paguta riri zasi uko! Tarisa ikoko, Jona, guta rose riri kutendeuka nemasaki nemadota.”

<sup>131</sup> Zvino Vakamuudza nezvemupudzi muduku negonye rakautema. Rimwe zuva, Ishe vachida, ndinoda kuuya kutabhenakeri ndотора mharidzo dzakatevedzana dzingori dzaJona. O, pane zvakananda zvikuru . . . iya mhengo yekumabvazuva ichivhuvhuta, nezvimwe zvose. O, zvangu ini! Mune zvinhu zvakananda imomo, zvinongo . . . zvinonakidza. Mune zvitauro zvakanakosha zviri imomo, zvese zvinofananidzira, zvichikwana. Zvinounza kunyange Jesu Kristu mazviri, nezvimwe zvose. Nokuti, mutsara wese uri

muBhaibheri unoratidza Jesu Kristu. Hongu, changamire. Ndicho chidzidzo chedu chemusi weSvondo, saka tichazviona, Ishe vachida.

<sup>132</sup> Uye cherechedzai, pane zvinhu zvauno . . . Kana wakaperera ukataurira Mwari . . . Zvino, unofanira kutarira.

<sup>133</sup> Zvino ndinoda kukuratidzai mumwe Jona papuratifomu manheru ano.

<sup>134</sup> Umwe usiku pane vanhu vakauya pano. Mudzimai wacho anogona kunge ari (vamwe vevanhu vavo) pano manheru ano, saka handisi kuzotaura zita rake, zvichida munogona kuzoziva kuti ndiani. Asi vanouya pano, boka revanhu vakanaka vanobva zasi muKentucky, uye va—vanouya pano kwemakore. Asi vanhu ava, vari vanhu vakanaka, shamwari dzangu dzakanaka. Zvangu ini, vaive—vaive shamwari dzangu chaidzo, asi ivo . . . Vangori imwe yemhando iya yevanhu vanoti kana rumutsiriro rwuripo vanokwanisa kuuya kuchechi; kana pasisina rumutsiriro, uye mutoro uchidhonzwa, hapana anodhonza. Uye vana vavo vose vaiva vakanyoreswa pachikoro chevaduku, vaiva ne . . . pataiva nezvikoro zvedu nezvimwe.

<sup>135</sup> Zvino mumwe musi ndakauya kumba, kuda makore mana apfuura, kana mashanu, zvakada kudaro. Zvino musikana muduku uyu, (uyo akanga aine makore masere paakanga ari pachikoro chevaduku), akanga aroorwa ava nevana vaviri. Zvino akanga arere muchipatara kuno uko, ave kutoda kufa. Akanga ave kuda nemwedzi mina, mishanu, nepamuviri; zvino mwana akange afa, uye vakanga vasiri kukwanisa kumuopareta nokuti akanga aine uremic. Zvino havana kugona kumuopareta, nokudaro vakarega amai vacho kuti vafewo, zvakare. Havagone kuoparetwa, uye, munoono, mwana aizovauraya saizvozvo, nokudaro vakatozo . . . akanga ari kungofa, ndizvo zvoga, pasisina mukana kwaari.

<sup>136</sup> Ndakaendako kunomuona, akanga andidana. Zvino ndakapinda muchipatara, zvino heunoi uyu ari pasi petende reoxygen. Ndakasimudza kahwidibiro kaduku, ndokutaura naye zvisihoma, zvino ndakati, “Unondirangarira here?”

Iye ndokuti, “Zvirokwazvo, Hama Bill, ndinokurangarirai.”

<sup>137</sup> Ndikati, “Ko zvakadini . . . Unonzwisisa here marwariro auri kuita?”

Iye ndokuti, “Ndinoziva.” Akati, “Ndicho chikonzero ndakudanai.”

Ndikati, “Zvakanaka, ko, zviri sei pakati pako iwe naShe?”

Iye ndokuti, “Hama Bill, Nda—ndaka . . . Ha—handina kugadzirira kuti ndiende.”

<sup>138</sup> Saka, ipapo takapfugama ndokunamata, naamai vake nemurume wake, vakawanda vaiva mukamuri iyi, zvino amai vake nemurume wake vakatanga kuchema. Zvino—zvino

zvadaro nda—ndakamubvunza, uye ndokugadzirisa naMwari (akaita mhiko dzake ndokudzoka ndokuvimbisa Mwari; kana achinge aregererwa; kuti aiVada zvakadini; uye ane urombo nokuda kwezvivi zvake, nenzira yaanga amborarama nayo), ndokuenderera mberi nokutendeuka kwake nokuchema. Zvino mushure mechinguva ndakasimuka ndokubuda muimba iyi.

<sup>139</sup> Zvino ma—mangwanani akatevera vakandidana, kuti ndidzoke zvakare ikoko. Zvino, ndokuzoona kuti, vakanga vauya mangwanani iwayo kuzomuongorora uye kuti vaone kuti chinhano che—cheuremic chakanga chawedzera zvakadini, zvino ndokuona kuti akanga asisina kana kadonhwe kayo. Yakanga isisipo zvachose, yose chepfu yeuremic yakanga yabva maari. Vanachiremba vakafara zvikuru kusvikira vakati, “Zvangu ini! Sei, izvi, tinofanira...Chinhu chinoshamisa zvikuru.” Ndokuti, “Ticha—tichamugadzirira,” uye ndokuti, “kana zvichinge zvichakadaro kusvika mangwanani...” Ndokuti, “Ticharamba tichimupa penicillin,” kana zvingavei zvavakanga vari kumupa, kuti hutachuona hurambe huri hushoma. Ndokuti, “Tichaopareta to—toburitsa mwana husati hwawana pamwe pahungagara.” Vakati, “Kana ari kunzwa zvakanaka, zvino...”

<sup>140</sup> Saka, kaviri kana katatu muzuva iroto vakamuongorora zvakare. Uye manheru iwayo, nguva yati fambe, vakamuongorora, pakashaya dambudziko, zvose zvakanga zvakanaka. Vakamugadziridza. Ndokumubvisa pasi petende reoxygen. Zvinhu zvose zvakanga zvakanaka. Vakanga vari kuzomuopareta mangwanani aitevera, kubuditsa mwana.

<sup>141</sup> Saka, ndakaendako. Uye nokuda kwekuti izvi zvakanga zvaitwa...Zvino, handina kuzviziva, handina kuziva. Ishe hapana chavakandiudza nezvazvo. Munogona kubvunza vanhu vacho, kana muchida. Saka vaka...mudzimai...Haana kumboti zvaizoita. Asi, o, zvangu ini, kuona chi—chinhu chakadai! Murume wake, aive mutadzi, akauya ndokuti, “Hama Branham, ndi—ndinoda kupira hupenyu hwangu kuna Ishe Jesu.”

<sup>142</sup> Zvino ini ndikati, “Zvakanaka, chingopfugama ipo pano wobata ruwoko rwemudzimai wako, zvino mofamba nzira iyi yakatwasuka pamwe chete.”

<sup>143</sup> Amai vacho vakadzoka, vakati, “Hama Branham, munoziva, ndini pano nevana vangu,” ndokuti, “tanga tichiuya tichidzokera, tichiuya tichidzokera, muTabhenakeri, nezvimwe. Taigara tichikuteererai muchiparidza, uye taienda kuartari todzoka.” Akati, “Ndakadzokera kumashure, zvakare, Hama Branham.” Mudzimai akati, “Ndinoda kudzoka kuna Ishe Jesu, nokuda kwekunaka kwaKe kumwana wangu.” Saka, munooona, izvozvo—izvozvo zvakanaka kwazvo, asi hauuye kuna Ishe Jesu nokuda kwaizvozvo.



144 Kwave kuda kusvika pakati peusiku, twelve, one o'clock, amai vake vabatwa nehope ndokukotsira. Zvino iye akati, akavadana, akati, "Amai."

Zvino amai vakati, "Hee, mudiwa, unodei?"

Iye ndokuti, "Munoziva, ndiri kufara zvikuru!"

Amai ndokuti, "Ndinofara nokuti iwe uri kufara."

Iye ndokuti, "Ndine rugare naMwari." Uye ndokuti, "O, zvakanaka kwazvo!"

Mushure memaminitisi mashoma, akadana zvakare, iye ndokuti, "Amai."

Vakati, "Hee?"

Ndokuti, "Ndave kuenda kumba."

145 Zvino amai ndokuti, "Ndinoziva kuti uri kuenda." Ndokuti, "Hongu, mudikani," ndokuti, "chiremba vachatora mwana mangwana. Zvino mushure kuda kwezuya rimwe kana maviri, kana pakachekwa papora zvino iwe uchabva pano, wodzokera kumba unofara zvakare, iwe nemurume wako nevana vaduku, zvino wova Mukristu woraramira Mwari."

Akati, "Amai, ndiri kureva kuti ndave kuenda kuMusha wangu weKudenga."

Amai vakati, "Ichokwadi, mudiwa, pamagumo erwendo."

Iye ndokuti, "Ano ndiwo magumo erwendo."

"O," amai vakati, "zvino, dambudziko nderei?"

146 Ndokuti, "Magumo erwendo." Saka ndokuti, "Hongu, amai, mumaminitisi mashoma ndichange ndaenda."

147 Saka, vakafunga kuti akanga ave kungohuta-huta nekudzungaira. Akadana mukoti, mukoti ndokuongorora mafemero ake. Zvinhu zvose zvakanga zviri sezvinotarisirwa. Zvino mukati memaminitisi mashanu akabva aenda, akange afa.

148 Zvino pandakadzoka kumba, mukati mesvondo kana maviri shure kwezvo... Ndinofunga kuti Hama Graham ndivo vakaparidza parufu rwake. Pandakadzoka kumba zvino Meda ndokundiudza kuti musikana uya akanga afa manheru acho, zvangu ini, ndakatadza...

Nda—ndakaenda kunoona amai vacho. "Hongu."

149 Uye handi—ndi—ndizivi chakandikonzera kuti ndizviite, asi ndakati, "Ishe Mwari, Mu—Mune mungava wekundipa kunzwisisa," (Maona?) "mushure mokunge ini ndaendako no—nokuudza murume wacho, uye naiye achiuya kunaShe mushure mokunge Mamuitira zvinhu izvi, nezvimwe zvakadaro, zvino mobva matora upenyu hwemusikana uyu zvakadaro." Ndikati, "Mune mungava wekundipa kunzwisisa."

150 Kana ukaudza Mwari chinhu chakadaro, Vanokusiya wakagara wega. Handi...haAna mungava kwandiri. Ndini

ndine mungava kwaAri. Saka, Vakangondirega ndichidumbirwa kwemazuva mashoma, munoziva. Zvino, mushure kuda kwemwedzi mitatu kana mina, rimwe zuva ndakanga ndiri pamahombekombe ehova zvino Ishe vakataura neni nechiratidzo, ndokuti, “Iye zvino chienda kuna amai vake, zvino ugotaura izvi kwavari, ‘Nguva yake haina kunge yasvika here gore izvi zvisati zvaitika, paakanga ari kunyura muhova, vari papikiniki? Aifanira kunge akaenda panguva iyoyo, asi Ndakazomutora paakanga agadzirira kuenda.’ Zvino ndosaka zvose izvi zvakaitika uye iwe wakaenda iko.”

<sup>151</sup> Ndakagwadama pasi ndikachema. Ndakati, “Ishe Jesu, ndiregerereiwo, muranda weNyu asingafungi anonzwisa urombo. Handaifanira kunge ndakataura zvakadaro, Ishe.”

<sup>152</sup> Zvino ndakanga ndadzokera kumudzimai uyu, aigara kuno muna Market Street, zvino ndakaenda ikoko kwaari, zvino ndokuti, “Ndinoda kukubvunzai mubvunzo.”

Akati, “Chokwadi, Hama Bill.”

Zvino ndakati, “Ichokwadi here kuti musikana uyu akapotsa anyura?”

<sup>153</sup> Akati, “Ndizvozvo chaizvo, Hama Branham.” Ndokuti, “Murume wake zvino va—vakatozomubuditsa mukahova aka.” Uye ndokuti, “Vakatozoita zvokumufemera mweya nomumuro, ndokuisa simba, uye vakatozotora muchina ndokupomba mvura kubva maari.” Ndokuti, “Akanga akapfeka rokwe rake. Vakanga vari kuva nepikiniki. Akanga ari kunze ikoko ndokubva atsika mujecha, ndokutsvedza ndokudonha kutanga nemusoro ndokudzipwa nemvura. Havana kumucherechedza. Zvino mberi kwavo vakamuona achibuda achidzika pasi, zvino vakamhanyiramo ndokumutora ndokumubuditsa kunze.” Uye akati, “Akatopotsa afa.” Ndokuti, “Musikana . . .”

Ndikati, “Ndiyo yakanga iri iyo nguva yake yokuenda.”

<sup>154</sup> Munoono, Mwari vanoziva zvavari kuita. Zvino, Ishe zvichida vaigona kunge vakandiudza izvozvo dai ndisina kutora maonero andakaita, “Ishe, mune mungava kwandiri, wekundiudza nezvazvo.” Haana mungava kwauri!

<sup>155</sup> Ndakamira mune mumwe musangano umwe usiku ndokunzwa mumwe muvhangeri achinamatira munhu anorwara, ndokuti, “Mwari, ndinoKuraira kuti upodze munhu uyu!” Ani kuraira Mwari? Maona? Ha—ha—hazvina—hazvina kana njere, munoono, nokuti Mwari, Va—Vanoita zvaVanoda.

<sup>156</sup> Ko—Ko ivhu rinogona here kuti kumuumbi, “Sei wandiumba zvakadai?” Maona? Kwete zvemazvirokwazvo! Asi kana muporofita akaramba akadzikama zvino ozotsvaka Ishe kuti awane mhinduro, heyo minduro iyo. Maona?

157 Zvakafanana nemunhu uyu anga ari kubvunza mubvunzo wezvembeu yenyo—nyo—nyoka, munoono. Ingo—ingotarisi, uye musa—musa—musange muri pakuchimbizika kukuru. Uyezve, zvino, Mwari vanozadzikisa nguva dzose zvinhu zvose kuti zvishandire mukunaka kune avo vanoda Ishe.

158 Zvino, dai—dai Ninevhe isina kutendeuka, zvino kutonga kwaMwari kungadai kwakauya pavari. Zvino rangarirai, muporofita anofanira kuteerera. Yaive yambiro.

159 Zvino, zvimwe chetezvo kunyika ino. Zvino unoti, “Hama Branham, musi weSvondo wapfuura makati ‘Hapachisina tariro?’” Hongu! “Sei?” Yakaramba kudanwa kwayo. Inofanira kukugamuchira. Ichakugamuchira. Pachasvika nguva apo nyika ino ichaita zvidimbu-zvidimbu. Ndakazviona muna 1933. Munoono, ndakaona mberi.

Mati, maigona kunge makati, “Saka, hazvina kuitika ipapo.”

160 Asi zviru kuzoitika! Kana ipapo Mussolini akanga asati ava kutonga, kana Maginot Line yakanga isati yavakwa, kana motokari dzakanga dzisingaratidzike sezai pamazuva iwayo, nezvinhu, kana madzimai akanga asati asarudza Mutungamiri wenyika achange achiratidzika semukomana wemuco—college, nezvimwe zvinhu zvose izvi, kusati kana kwambove neMutungamiri wenyika weKatorike, nezvimwe zvakadaro, zvakataurwa. Kuda makore makumi matatu apfuura, kana kudarika, zvinhu izvi zvakafanotaurwa, asi Vakangondiratidza kare zvichidzika kusvika kumagumo.

161 Zvino chinhu chacho pachinenge chave kuswera, nguva nenguva, mukombe uya unenge uri kuzara! Uye kutendeuka kwakaparidzwa naBilly Graham, Oral Roberts, naani zvake. Vaporofita, nevamwe vakadaro, vafamba munyika yose nemashura nezviratidzo, zvino iyo iri kuramba ichishambira muzvivi. Ndicho chikonzero vasingatendeuke, kutendeuka kunokuunza.

162 Cherechedzai, Ahabhu haana kumbotendeuka paakatsiurwa naEria. Dai Ahabhu akatendeuka ofamba zvinyoronyoro pamberi paMwari, zvinhu zvingadai zvisina kumboitika. Asi Ahabhu akauya zasi ikoko ndokutora munda wemazambiringa waNaboti ndokumuuraisa, nezvimwe zvese izvi zvakaipa. Zvino Jezebheri...Muporofita uya akauyako neZVANJI NAJEHOVHA! Asi chii chavakaita? Mudzimai uyu akanga oda kumuuraya. Chii chakaitika? Chiporofita chake chakazadzikiswa, imbwa dzakamudya ndokunanzva ropa raAhabhu. Chaizvo maererano neshoko rake! Akaona mukombe, wazara.

163 Ndicho chikonzero Mikaya muduku, achitaura zvinhu zvimwe chete izvozvi, ko aizoropafadza sei izvo zvakatukwa

naMwari? Munooona, shoko rake—rake, chiporofita chake, chaiwirirana neShoko.

<sup>164</sup> Herudhe, haana kumbotendeuka apo Johane akati, “Hazvisi pamurawu kuti muve nezvakadaro, mudzimai wemukoma wenyu!” Haana kumbotendeuka. Asi chii chaakaita? Mudzimai wake akatoda musoro wemuporofita. Chionai tsvina yaakapinda mairi. Chionai zvakaitika kwaari. Onai, kunyange nhasi, muSwitzerland, mvu—mvura dzeblue dzekuMuramba dzichiri kufashaira sera—ranganidzo. Munooona, chokwadi, haana kutendeuka paakatsiurwa naShe. Johane akamuudza, zvisinei kuti aive ani (mukuru wedunhu, kana kuti angave ani; kana mambo, kana kuti angava ani), anofanira kutendeuka kana Mwari vadana, kana kuti hasha dziri paari!

<sup>165</sup> Kangani apo muvaporofita...Ndanyora pasi pano, asi hatizowani nguva nokuti ndine kuda maminiti gumi anotevera.

<sup>166</sup> Kana pasina kutendeuka, zvino kutongwa kunouya zvezmazvirokwazvo! Hezekia akatendeuka. Maona? Ninevhe yakatendeuka.

<sup>167</sup> Ahabhu haana kumbotendeuka. Nebhukadhineza haana kumbotendeuka. Vanhu vemunguva yaNowa havana kumbotendeuka, zvino kutongwa ndokuzvitsvaira. Maona? Zvino, asi Anotanga ayambira munhu wose. Munhu wese anowana yambiro.

<sup>168</sup> Zvino, tichiona kuti nguva yave kukwana, regai munhu wese ari kunzwa kuti kune yambiro, atendeuke nokukasika hasha dzaMwari dzisati dzarova.

<sup>169</sup> Zvino ngatizviunzei zasi kuno kuBranham Tabhenakeri. Munooona, takaona zvinhu izvi uye tinozviziva kuti iChokwadi. Tinozviziva kuti iChokwadi chizere. Kuraira kweShoko kunoti, “Kana mukatendeuka mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeye vana venyu neavo vari kure.” Maona?

<sup>170</sup> Zvino, murume, VaDauch, vakandibvunza pano nguva shoma yapfuura, vakati, “Hama Branham, ndave kuchembera. Ndave kupera simba, makumi mapfumbamwe nerimwe.” Vakati, “Muno—munofunga here kuti nda—ndave pedyo nokufa? Munofunga here kuti ndave pedyo nokuenda? Munofunga here kuti ndakaponeswa?”

<sup>171</sup> Ndikati, “VaDauch, makamboenda here kwachi—chiremba kunoongororwa muviri wenyu?”

Vakati, “Hongu.”

<sup>172</sup> “Uye unomuudza...Zvino, zvinoitwa nachiremba, ane bhuku riripo ipapo, zvino anatora bhuku iri oona kuti zvakaaita sei. ‘Zvino, chinhu chokutanga chandinofanira kuita kumunhu uyu, kuongorora moyo wake.’ Saka anatora

stethoscope odziisa munzeve dzake, oongorora moyo wake.” Zvino ndakati, “Zvadaro, chinhu chinotevera chaanotora, anoongorora B.P. yake, ne—ne pressure muruwoko rwake. Zvadaro chinhu chinotevera chaanoita, anotora weti shoma, nezvimwewo, neropa kubva maari, nezvimwe zvinhu zvose izvi zvakasiyana. Anoongorora zvose hazvo, zvino akanga ashaya chinhu chaanowana... Anotora X-ray. Kana akashaya chaanowana, anozoti, ‘VaDauch, maka—makagwinya zvachose.’

<sup>173</sup> “Ari kuzviturea kubva panheyo ipi? Pazvinhanho zvinobva mubhuku rake rokurapa, kuti kana paine chakakanganisika maererano nemukuru wesainzi zvinonekwa muno umu, chinoita *zvakati* pano, chinoita *zvokuti* apo. Nokudaro, sokuziva kwaangazoita chimwe chinhu pamusoro pazvo, une hutano, maona, panyama.

<sup>174</sup> “Zvino,” ndakati, “panyaya iyi, ndi—ndiri kuipa kunzverwa kwemunhu wemukati. Maona? Uye Mwari, kumunhu wemukati, vane Muchina mumwe chete, ndizvozvo chaizvo, iro Shoko raVo. Ndiro Shoko raVo. Zvino Jesu akati, munaMutsvene Johane 5:24, ‘Uyo anonzwa Shoko raNgu.’ Zvino, *kunzwa* uku hazvirevi kungoteerera ruzha. Iko *kunzwa* uku zvinoreva ‘kuRigamuchira.’ ‘Uyo anokwanisa kugamuchira Shoko rangu,’ ameni, ‘uyo anoRinzwa!’ (Usarambe wakamira, woRiti manhando, ‘Zvinhu izvi, hapana zviripo nezvaZvo. HandiZvitendi.’) ‘Uyo anonzwa Shoko raNgu!’ Uh—huh. Ndiro Shoko raJesu, zvinova, Iye iShoko. Hezvoka izvo. ‘Kana uchikwanisa kunzwa Shoko raNgu,’ Akati, ‘nokutenda kune Uyo wakaNdituma, adarika kubva kurufu kuenda kuHupenyu; uye haazombofi akauya muKutongwa, asi akatokudarika kare.’ Ameni!” Ndikati, “Ko moyo wenyu uri kurova zvakadiniko zvino?”

Ivo ndokuti, “NdinoZvitenda. NdaZvinzwa. NdaZvigamuchira.”

<sup>175</sup> Ndikati, “Saka maererano neMukuru wanaMazvikokota, Mukuru wevaOpareti, Chiremba Mukuru weHupenyu Husingaperi anoti, ‘Wadarika kubva murufu uchienda muHupenyu uye hauzombofi wakawanirwa mhosva.’”

<sup>176</sup> Ndokuti, “Pandakakunzwai muchiparidza nezveZita raJesu Kristu murubhabhatidzo rwemumvura, ndakanyatsofamba shure kwenyu mukandibhabhatidza.” Ndokuti, “Ini... Munhu wandaimbove, handichisiri munhu iyeye zvachose. Pane chakaitika kwandiri. Ndakanga ndisina hany’n’a naZvo zvino ndokubva ndaenda neimwe nzira, asi ndatendeuka nokudzoka nenzira iyi. Zvino moyo wangu unotsva masikati neusiku kuti ndiswedere pedyo naYe. Shoko raRo rose, ndinotenda! Ndinoti, ‘Ameni!’ kuchikamu chaRo chose. Handina basa kuti Rinondicheka zvakadini, ndinoda kuti ndisvike pachiyero chaRo. Uye ndizvo zvandave sokuziva kwangu.”

<sup>177</sup> Ndakati, “Zvinoratidzika kwandiri sokunge moyo wenyu uri kurova zvakanakisa. Ndi—ndinotenda kuti mave kukwanisa zvino pamweya.”

<sup>178</sup> Ivo ndokuti, “Handizive zvikaitika kuti Kubvutwa kwauya, ndinokwanisa kuendamo here, Hama Branham?”

Ndikati, “Handini ndinotaura kuti ndiani ari kupinda kana uyo asiri kupinda.”

<sup>179</sup> Vakati, “Saka, ndinoda kunge ndichirarama, ndinoda—ndinoda kuona Kubvutwa zvikuru.”

<sup>180</sup> Ndikati, “Zvakanaka, regai ndione kuti Bhuku re—reSainzi rinoti kudini pano, nezvazvo, sainzi yemunhu wemukati pano.” Ndikati, “Zvakanaka, Rinoti kudai, munavaTesaronika Vechipiri, chitsauko 5, Rakati, ‘Isu vapenyu takasara paKuuya kwaShe hatizodzivi’ (zvinoreva kuti ‘kumisa’) ‘avo vakazorora, vavete. Nokuti hwamanda yaMwari icharira, zvino avo vavete kana kuti vakazorora vachamuka kutanga, votora kusafa. Zvino isu vapenyu pazuva iri, panguva iyo mushure mokunge vamuka, munoono, zvino tichashandurwa kamwe-kamwe, mukubwaira kweziso, tonosangana navo; zvino tokwira kunosangana naShe muchadenga, tobvutwa pamwe chete navo.’ Kunyange ukavata, kana ukasavata, kunyange ukazviita kana kuti kwete; kwese kwawakavigwa, kana usina kana kumbovigwa zvachose, uri kuuya zvakadaro! Hapana chinokwanisa kukubata. Uchange uriko!” Ndikati, “Hama Dauch, kana Jesu akasauya kusvikira pavazukuru vevazukuru vevazukuru vevazukuru vevazukuru vangu, muchange muchiripo panguva iyoyo chaizvoizvo, uye muchange muripo vasati vatomboshandurwa, kana vachienda.” Ndizvozvo chaizvo. Amen!

<sup>181</sup> Pari kuuya ropafadzo zvimwe chetezvo sekuuya kuri kuita hashu. O, tinofanira kunge tiri kutarisira chimwe chazvo manheru ano. Unofanira kunge uri kutarisira hashu kuti dziwire pauri pamwe nokuparadzwa, kana kuti unofanira kunge uri kutarisira rumuko rwaIshe Jesu. Mwari mumwe chete akavimbisa mumwe, vimb- . . . Ndiri kufara zvikuru!

Ndakatarisira kuuya kwezuva riya rinofadza  
reMireniyamu,

Apo Ishe wedu akaropafadzwa achauya obvuta  
Mwenga waKe wakamirira;

O! moyo wangu uri kushuvira nekugomera  
nokuda kwezuva iroto rerusununguko  
rwunotapira,

Apo Jesu wedu achadzoka panyika zvakare.

Zvino chivi nekusuwa, marwadzo nerufu  
zvenyika ino ine rima zvichapera,

Mukutonga kunobwinya pamwe naJesu  
kwechiuru chemakore erugare; (O, zvangu

ini! “Uye tichagara naShe nokusingaperi.”  
Maona?)

<sup>182</sup> Zvakataurwa naMwari, zvinofanira kuitika. “Vachavaka dzimba, vachagara madziri. Vachadyara minda yemizambiringa uye vachadya michero yacho. Havazodyari mumwe wogara nhaka. Vachadyara minda yavo yemizambiringa vogogara nayo.” Ameni! Ameni! “Havazokuvadzi kana kuparadza Mumakomo aNgu ose matsvene.” Hareruya!

<sup>183</sup> Kana ichi chinofa chafuka kusafa, urwu—urwu rufu rwunomedzwa nekukunda, zvino tichazoMuona sezvaAri tova nemutumbi wakafanana neMutumbi waKe wakaBwinyiswa. O, inguva yakadini iri kuuya!

<sup>184</sup> Mwari mumwe chete nevaporofita vamwe chete vakaporofita Shoko raMwari, kana kuti hashu dziri kuzodururwa, kudururwa, zvakarewo vakataura pamusoro pamaropafadzo aya ari kuuya. Ndiri kufara zvikuru! Mwari havambofa vakapa nyi—nyika ku—kuparadzwa vasina kuiyambira. Havaparadze munhu vasina kumuyambira. Uye zvino kana Vachidaro, tine chimwe chinhu chakaitika kwatiri, kusimbiswa kwezviratidzo zvemazuva okupedzisira zvinesu, Mweya Mutsvene mukuru achifamba pakati pedu achipa simbiso kukereke neHupo hwaKe, achisimbisa Shoko raKe. Zvino Kereke yave kugadzirira kuti ichikwira kumatenga rimwe ramazuva ano, nesimba raMwari. Nokuti iyambiro yokuisa parutivi mutoro wose nechivi chinokasika kutikanganisa, kuitira kuti tigobhururuka nokutsungirira mujawe uyu wakaiswa pamberi pedu, kuMuvambi neMupedzisi weKutenda kwedu.

<sup>185</sup> Mwari vakuropafadzei, kereke! Batirirai paruwoko rwaMwari rwusingashanduki! Hongu, changamire. Kana uchinzwa Hupo hwaKe, enda kwaAri. Kana paine chakaipa mumoyo mako, chigadzirise. Hatichisina nguva yakawanda yasara, Kuuya kwaShe kwaswewera. MunuMutenda here? O, zvangu ini! Zvinenge zvisingashamisi here ikoko? Inguva yakadini, pandinoona mhare dzakare dzichifamba ikoko nemuParadhiso iri! O, zvangu ini! Ndiri kutarisira nguva iyi.

<sup>186</sup> Ndinorangarira ndichinzwa munun’na wangu achiti, paakadzoka kubva mhiri kwemakungwa, kubva kunzvimbo dzehondo nezvimwe, akati, “Mhare dziya dzakare, pavakangoona Statue of Liberty, ndokukungurutsa zvirema ipapo kuti zvigone kuona Statue of Liberty.” Ndiyo yaunotanga kuona, uri mungarava, paunouya, nokuti yakareba kwazvo kuenda mudenga. “Uye kuona ruoko rwuya, yakamira ipapo,” ndokuti, “varume ava vakabva vangotanga kusvimha misodzi nokuchema. Ivo varume vakuru vaive vakamirapo, vakangodonhera pasi ndokutanga kuchema.” Chaive chii? Chiratidzo cherusununguko. Chose chavaida chaiva chiri seri kwechiratidzo ichi.

<sup>187</sup> O, asi zvichange zvakadini pandichanzwa ngarava yakare yeZioni ichirira mangwanani aya ndoona mireza ichipepereka! Apo hondo inenge yapera uye tawana kukunda, hareruya! Zvino tave kuuya kuMusha, uko rufu, chivi negehena zvakakundwa; uye hapachisina chivi, hapachisina rufu, hapachisina kusuwa. Ndinokwanisa kunzwa pembe dzichirira! O, tave pedyo neguta. Hongu, changamire. Masaisai ari kuuya, ngarava yakare iri kufamba ichienda panzvimbo yayo. Mwari, tibatsirei kuraramira nguva iyi!

<sup>188</sup> Ishe Jesu, tiri vanhu avo vari—vari kuedza nepose patinokwanisa, nezvose zviri matiri, kufamba muChiedza chevhangeri yeVhangeri reNyu guru iro raMakafira kuti rinatse. Tinotenda zvikuru kuona, mumazuva ano akaipa akasviba atiri kurarama maari zvino munguva ino, kuti tiri kuona zviratidzo zvichioneka. O Mwari, sezvo zvinyorwa zviri pamadziro, tinoKutendai, Ishe, kuti tinozviona uye nokuziva kuti rudzikinuro rwave pedyo. Tinoparidza, tinodarika nemunyika, tinoKuonai muchiita zviratidzo zvikuru, Muchizviratidza zuva nezuya, makore ose. Hapana gore rinopfuura asi apo (chikuru) chiratidzo chaKe cheMweya chiri kurova nyika. Uye tinochiona, tichiziva kuti hondo huru yaMwari iri kufora ichienda mberi.

<sup>189</sup> O, havana kuwanda, asi iboka rakadini rine simba rine Hupenyu Husingaperi! Ndokuti, “Vachamhanya nepakati pemaoto nokuchirika mudhuri.” Hongu, “mauto” erufu anenge asina chaangagona kubata, Achamhanya achipfuura nemaari. Nokuchirika “mudhuri” pakati pezvepanyama nezveMweya, nokuenda mumawoko aMwari, munaZiendanakuenda guru. Ishe Mwari, tinoKutendai nokuda kweizvi. Tinoziva kuti nguva yaswedera.

<sup>190</sup> Ndinonamata, Mwari, kuti manheru ano kana paine vamwe vasingaKuzivei, vasati vambova nerugare. . . Uye zvimwe kuda manheru ano, apo patanga tiri kutaura, Inzwi duku ranga richitaura zasi mumoyo mavo, “Ndiri kunzwa kuyambirwa kuti handichisina nguva yakareba ndiri pano.” O Mwari, dai vakaisa musha wavo muhurongwa, iye zvino. Dai zvinhu zvose zvave panzvimbo. Dai kutonhora. . . Pamwe Makristu, asi havangorina. . . Vararama pasi peizvi kwenguva yakareba pamwe nokuona zvinhu zvakawanda, va—vakangorasikirwa nehukoshi hwaZvo. Zvaka. . . Zvinhu zvacho, havazvikoshi panzvimbo yekuzvidzamisa nekuperera.

<sup>191</sup> O Mwari, regai tizviongorore manheru ano, zviitei, tichiziva kuti zvinhu zvikuru izvi zviri kungotiyambira pamusoro peKereke ichabvutwa nokukasika. Zvino kana takaremerwa nezvivi, nekusatenda, nehunyope, tichatadza kupinda muKubvutwa. Tinozviziva, Ishe, nokudaro tinonamata kuti mupisire Mweya Mutsvene mukati medu, zasi mumoyo yedu. O Mwari, tungidzai mweya yedu ibvire nemaropafadzo eNyu. Tibatsirei kunzwisisa.



<sup>192</sup> Zvino, ropafadzai vanhu pamwe chete. Ropafadzai mufundisi wedu akakosha nemudzimai wavo. Ropafadzai madhikoni, matirastii, nevanhu vose, pamwe chete. Regererai zvivi zvedu. Podzai zvirwere zvedu, Ishe. Uye tungidzai moyo yedu ibvire. Uye dai tikabva panzvimbo ino tiine mharidzo yokuyambira, apo tinosangana nevanhu vari muchivi, tovaudza, “Shamwari, haunyare here kuti unoita zvinhu zvakadai, uchiziva kuti uchafanira kusangana naMwari rimwe zuva?” Zviitei, Ishe. Ndinovakumikidza kwaMuri, zvino; ndinokumikidza Mharidzo, nezvose pamwe chete, kuti zvishandire pamwe chete kubwinya kweNyu. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti Akatanga kundida  
Ndokutenga ruponeso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

<sup>193</sup> HamuMude here? Funga zvatiri. Tarira patave zvino munzira, shamwari. Chingotarisa kumashure uchidzika nemugwagwa kubva kumashure-shure, mumazuva aRuther Whisiri, zvichidzika nemumazera. Tarira pano patave: chaipo pano pamusoro pepiramidhi; chaipo pano apo Mwari vakazviratidza, kuti Bhaibheri kubudikidza nezvisimbiso zvinomwe rakazarurwa zvakakwana; takangomirira zvino zvakavanzika zvinomwe pakupedzisira, zviri paKuuya kwaShe neKubvutwa kweKereke kunogona kuitika mangwanani asati asvika. O, zvangu ini!

NdinoMuda, (takaperera zvino) ndinoMuda  
Nokuti Akatanga kundida  
Ndokutenga ruponeso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

<sup>194</sup> Apo murunyararo zvino...Munocherechedza here kuti mumwe nomumwe wedu pano achabva pano, achasiya nyika ino? Munoziva here kuti munhu akabarwa nemudzimai ane mazuva mashoma uye azere nematambudziko? Manga muchiziva here kuti nokuda kwekuti takabarwa nemuti uya wakabva muBindu reEdheni, werufu, kuti tinofanira kufa? Tiri muchero wechibereko chaamai vedu, zvino tinofanira kufa, tinofanira kupatsanura hupenyu huno. Muduku kana mukuru, hazvina mutsauko wazvinoita. Kana murume kana mudzimai mukuru kudarika vanhu vose muno akararama husiku hwese, mudzimai achararama kudarika kana murume achararama kudarika vakawanda vane gumi-, vana vane makore gumi nemashanu? Mazana avo vachafa pasi rose mangwanani asati asvika, vari vana. Saka zvine basa, ndezvokuti, uri kumboitei iye zvino?

<sup>195</sup> Uno unogona kunge uri iwo mukana wako wekupedzisira. Muduku kana mutana, unokwanisa kuenda kuchechi. Usasiye chinhu chimwe chisina kuitwa. Perera zvakadzama. Isa chivi chose nezvimwe zvose padivi. Tarisa wakananga

chaimo muchiso chaMwari ugobvunza mubvunzo, “Ishe, ndinoKufadzai here? Chii chimwezve chandinofanira kuita, Ishe Jesu? Handizombowani mumwe mukana zvakare, mushure mekuguma kwehupenyu huno, kuKushumirai. Ino ndiyo nguva yoga yandinayo. Ishe Mwari, ingoitai bedzi kuti ndizive zvaMuri kuda kuita! Kutu ndiende here kunoita *zvakati* kana kuti ndinofanira kuita *zvokuti*, ndichafara kuzviita.”

<sup>196</sup> Tino—tinovzifunga here takaperera? Ko machinda maduku anozvifungawo here? Ko vemazera epakati nepakati vanozvifungawo here? Ko vatana vanozvifungawo here? Ko vabve zera vanozvifungawo here? Tinofanira kuenda, uye unoziva sei kuti tose tinogona kunge taenda mangwanani asati asvika? Hatizvize. Munoti, “Izvozvo zvinondinetsa.” Hazvifanire! Chaizvoizvo, zvinotofanira kukuita kuti ufarisise kuziva kuti uri kusiya imba ino yematambudziko.

<sup>197</sup> Pane imwe nyika. Hautombobva uchienda kure-kure. Iri ipapo chaipo pauri. Yakakupoterredza. Unongofanira... iwe... Mwari vakangokupa manzwiwo mashanu, uye ndezvekuti ugobatana nezvakawanda zveizvi, zvenyika ino. Asi pane imwe nyika yausina mamwe manzwiwo ekuibata, haukwandise kuibata nokuti hauna iwo.

<sup>198</sup> Sokuti, ndakati, Svondo manheru, (zvimwe hamuna kuzvibata) chii...tine manzwiwo mashanu: kuona, kuravira, kunzwa nekubata, kunhuwidza, kunzwa. Asi ko dai wanga usingaoni (wanga unongori nekuravira, kunzwa nekubata, kunhuwidza, nokunzwa), zvino mumwe munhu obva agamuchira kuona kwake zvino oti, “Pane imwe nyika, zuva?” Manzwiwo aya—aya munyama, unodhumira muzvinhu, zvino chii chingakuudze zvazviri. Handiti, munozofunga kuti munhu uyu anopenga, nokuti hauna ma—manzwiwo aya e—ekuona. Hapana akambova nawo, waunoziva. Wakambonzwa vanhu vachitaura zvinhu zvakadaro, asi wakazvipokana. Asi tinoziva nemanzwiwo aya kuti ndezve mazvirokwazvo. Inzvimbo iriko zvezmazvirokwazvo. Maona? I—i—i—inzvimbo apo avo... unokwanisa kuona. Manzwiwo ako anozvitaure.

<sup>199</sup> Zvino, chinhu choga chaunoita kana wafa, unongoshandura manzwiwo mashanu aya (Girori! Whew!), unongogamuchira mamwe manzwiwo. Uye wave mupenyu nemanzwiwo epamusoro, akapetwa zviuru kudarika iwo aya, mune humwe hupenyu; hupenyu husina rufu, kusina kusuwa. Uye zvinhu zvausingazive nezvazvo iye zvino, uchanyatsozviona zvakajeka kana wayambukira ikoko. Hauzvinzwisise iye zvino nokuti uri kungodhumira mazviri, hauna manzwiwo acho. Unoti, “Ndi—ndinonzwa mamwe manzwiwo asinganzwisise pano manheru ano. Zvinoratidzika kwandiri sokunge pane zvi...Ndiri kungonzwa kuda kuchema, kana kudandizira, kana zvimwewo.” INgirozi dzaJehovha. Maona?

200 Semumwe munhu anoti, munoziva, asina kumbova nemanzwiro ekuona, oti, “Apa neapo ndiri kunzwa chimwe chinhu chechokwadi, anenge manzwiro ekudziya.”

Unoti, “Chiedza chezuva.”

201 “Chii chiedza chezuva? Handina kumbochiona.” “Hapana...” Munoono, haana kumbobvira aona, haazive kuti chii. Munoono, mumwe munhu uko anofanira kumuudza, mumwe munhu anokwanisa kuchiona. O, zvangu ini! Maona?

202 Tinongoshanduka. Tinongoshanduka, usatye rufu. Rufu hapana zvarwuri idukununu. Jesu akarwukunda. Kunyange Pauro paakasvika kumagumo, akati, “Rufu, rumborera rwako rwuripiko? Kutiyisa kwako kuripiko? Bwiro, kukunda kwako kuripiko? Unoti wandiwana? Ndi—ndinoda kukunongedzera seri uko kuJerusarema. Pane bwiro risina arimo ikoko uye ‘Ndini Ndakakunda mose iwe, rufu negehena,’ uye ndiri maAri zvangu haukwanise kundibata! Ndichamuka zvakare.” O, zvangu ini! Akati, “Pane korona yandakachengeterwa, iyo Ishe, Mutongi akarurama, ahandipa; kwete ini ndoga, asi avo vose *vanoda* kuuya kwaKe.”

203 Munomuda. Munoda kuMuona achiuya. MakaMumirira. Inyaya yakareba, ku—kumirira kwakareba. Inyaya yerudo. Asi haukwanise kumirira kusvikira waMuona! O, zvangu ini! Ndizvo zvazviri. O, ndiyo nguva yatakatarisira, ndiyo nguva yacho! Kana moyo wako usina kuita sa—sa—saizvozvo manheru ano, shamwari, ngwarira. Maona? Ngwarira. Usarega muvengi achikunyengera. Kana Mweya Mutsvene uri muno Wava kuda kubhururukira kuMusiki waWo, kuna Tenzi waWo, pane nyaya yerudo isina anogona kuitsanangura. Ndizvozvo chaizvo, ndezvemazvirokwazvo. Ndezvemazvirokwazvo.

204 Saka kana paine yambiro, inoti, “Hausati wazvigadzirira,” zvino rangarira, Mwari vanogona kunge vaine zvavari kukugadzirira. Maona? Hausati wagadzirira. . .

205 Unoti, “Zvakanaka, kana ndikabhabhatidzwa, Mweya Mutsvene, zvino, zvakanaka, zvichida Ishe vachanditora?” Kwete, kwete izvo zvoga, wave kungogadzirira bedzi kuti uchirarama. Ha—hausati wagadzirira kurarama kusvikira wawana Mweya Mutsvene, zvino kana wawana Mweya Mutsvene zvadaro unenge zvino wachikodzera kurarama. Wanga usati wakodzera kurarama kumashure kwacho, munoono, asi zvino wave kukodzera kurarama mushure mokugamuchira Mweya Mutsvene. Maona? Kungokugadzirira. Maona?

206 Vanhu vanoti, “Zvakanaka, ndinofanira kugadzirira kufa.” O, zvangu ini, ndiri kugadzirira kurarama! Amen. Nyaya yacho ndeyekuti, gadzirira kurarama, rarama uri munaKristu! Hupenyu hwekukunda chivi, rufu, gehena, ndatove nekukunda nechekare. Ndiye Kukunda kwangu uye ndini Umboo hwaKe, uye ndiri umboo hweKukunda kwaKe. Amen! Ndizvozvo.

207 “Ko unozviziva sei kuti unaWo?” NdinaWo. Amen. AkaUpa kwandiri nenyasha dzaKe. Ndiri kuUnzwa. NdinoUziva. NdinoUona uchishanda muupenyu hwangu. Wakandishandura. Uye maererano neBhuku iri pano, Akati ndine Upenyu Usingaperi uye handigoni kusvika paKutongwa, asi ndadarika kubva murufu ndichipinda muUpenyu nokuti Akanditorera Kutongwa kwangu. Zvino kana Akabhadhara mubhadharo, usaedza kundiunza pane chero Kutongwa. Akatonditorera kare, uye ndakazvigamuchira. Hongu, changamire.

208 Saka hapachisina kutongwa zvachose. Hapachisina rufu zvachose—zvachose. O, ndichazosiya kereke nokuzosiya vanhu rimwe ramazuva, asi izvozvo... kana Jesu akanonoka. Zvino kana zvikaaitika, ko, ini zvangu, handina kufa. Handikwanise kufa, ndine Upenyu Usingaperi. Ko unofa sei uine Upenyu Usingaperi? Maona? Nguva dzose uri muHupo hwaMwari uye uchava naYe nokusingaperi! Amen! Zvinofadza moyo wangu, zvangu ini, zvinondiita kuti ndide kutanga kuparidza zvakare. Maona? Ndizvo chaizvo. O, AnoShamisa!

HaAsi here anoshamisa, shamisa, shamisa?  
 Jesu Ishe wangu haashamise here?  
 Meso akaona, nzeve ndokunzwa, zvakanyorwa  
 muShoko raMwari;  
 Jesu Ishe wangu haashamise here?

Ndinoda chapupu ichi.

Meso akaona, nzeve ndokunzwa, zvakanyorwa  
 muShoko raMwari;  
 Jesu Ishe wedu haashamise here?

209 O, ndinoMuda! Ndiye Rugare rwangu, Upenyu hwangu, Tariro yangu—yangu, Mambo wangu, Mwari wangu, Muponesi wangu, wangu... (o, zvangu ini!) Baba vangu, Amai vangu, Hanzvadzi yangu, Mukoma wangu, Shamwari yangu, zvangu zvose! Muri kuona? Taimboimba kambo kakadaro. Munoziva, mose munombowana here dzimbo duku dzePentekosti seyekuti... Ndine tariro yekuti vadzima rekodha, munoona. Chimbo chiya chataimboimba:

Ndiye baba vangu, amai vangu, hanzvadzi  
 yangu nemukoma wangu,  
 Ndiye zvose kwandiri.  
 Ndiye zvose, Ndiye zvose kwandiri;  
 Ndiye zvose, Ndiye zvose kwandiri;  
 Nokuti Ndiye baba vangu, amai vangu,  
 hanzvadzi yangu nemukoma wangu,  
 Ndiye zvose kwandiri.

210 Munorangarira here pataichiimba? Pane here mumwe wenyu anozvirangarira? Zvangu ini, makore akapfuura! Uyezve taiwanzoti:

Ndinoziva raiva Ropa, ndinoziva raiva Ropa,  
 Ndinoziva raiva Ropa kwandiri;  
 Rimwe zuva pandakanga ndakarasika,  
 Akandifira paMuchinjikwa,  
 Uye ndinoziva raiva Ropa kwandiri.

<sup>211</sup> Munorangarira here kambo kaya? Regai tione, ndechipi chimwe zviya chataimba? Regai tione.

O, haungarinde here pamwe neni kweawa imwe,  
 Pandinoenda uko, pandinoenda uko?  
 O, haungarinde here pamwe neni kweawa imwe,  
 Pandinoenda uko kunonamata?  
 Ndiri kukunda, ndiri kukunda,  
 Ndiri kukunda, ndiri kukunda;  
 Nokuti ndinoda Jesu, Ndiye Muponisi wangu,  
 Uye Anonyemwerera uye Anondidawo zvakare.

<sup>212</sup> Zvaitika kuti mutana Hama Smith, hama yechitema, akange ari zasi uko pakona. O! Ndainzwa hama dziya dzechitema zasi uko, ndaingogara ipapo ndodanidzira nokuchema nezvimwe zvese, ndozunguza-zunguza motokari yangu ndochirika-chirika ndichiitenderera sezvizvi. Vose vaiombera maoko avo. [Hama Branham vanoombera maoko vachiimba—Mupepeti.].

O, haungarinde here pamwe. . .

Kamuimbiro kaya kanoitwa nevechitema, munoziva. Hapana anogona kuimba savo; kanganwai henyu nezvazvo. Maona?

. . . awa imwe,  
 Pandiri kuenda uko, . . .

<sup>213</sup> O, zvangu ini! Ndaigara ipapo, ndokuti, “O Mwari!” kakomana aka kaduku, kane makore angaite makumi maviri, ndaimhanya ndichitendera-tenderera motokari iyi zvino ndichingodanidzira nokurumbidza Mwari saizvozvo. O, inguva yakadini! Ndiwo aingori mavambo epakutanga, apo Mwari vakanga vari kungofamba pakati pevanhu saizvozvo. Zvino tave kuuya muKereke yakasimba. Isina nhengo dzakawanda, asi yakasimba muMweya. Amen. Zvinoshamisa sei!

<sup>214</sup> Zvino kwaimbova nechimbo chiduku. . . ndinorangarira rimwe zuva zasi kuChattanooga, Tennessee, pandakasangana neuyo. . . kwete Chattanooga, kwaive zasi kuMemphis, uko kwandakasangana nemudzimai uya muduku wechitema, munoziva, amire panze paye. Makambondinzwa ndichitaura nezvazvo, munoziva. Mwanakomana wake akange ane chirwere chemadzimai. Zvino akange akasungirira shati yemunhurume yakamoneredzwa mumusoro wake, akazembera bhenji sezvizvi.

Zvino Ishe vakamisa ndege iya ipapo uye vakaita kuti isaende, neimwe nzira, zvino vakandiudza kuti ndiuye kuzotora . . . Zvino Mweya Mutsvene wakati, “Pinda pakarwendo ugodzika nekuno *uku.*”

<sup>215</sup> Zvino ndakaenda ndichifamba ndichidzika naikoko, ndichiimba. Ndakafunga, “Zvangu ini, ndege yangu yatogadzirira kuchienda!”

<sup>216</sup> Ndokuramba zvichinzi, “Enda mberi. Ramba uchifamba. Ramba uchienda.” Mazuva okutanga eshumiro yangu.

<sup>217</sup> Zvino ndakatarisa, akazembera pafenzi ipapo, uye imba yechijarata, duku ipapo. Paiva nehanzvadzi yechikuru yaive yakamira ipapo. O, akanga . . . Airatidzika seimwe yehanzvadzi dziri pama pani keke aAunt Jemima. Mazitama makuru akafuta, munoziva, uye vhudzi rake—rake, shati yake yakaunzwa kumashure. Akanga akazembera paghedhe sezvizvi, zvino ndakango . . . ndainge ndiri kuimba kambo kaya kamwezve . . . kaduku . . . Chaive chii . . . Ndakanganwa zita rekambo kaduku aka kandaiimba. Zvino, chinotaura nezve—nezve . . . Kaive kambo kechiPentekosti kapfupi, kekufara.

<sup>218</sup> Zvino ndakabva ndamira kuimba, ndave pedyosa. Zvino ndakafamba nepo. Zvino akanga akamira ipapo nemisodzi ichidzika nepamazitama ake makuru akafuta; ndaida kumumbundira. Akati, “Mangwanani, mufundisi!”

Ndikati, “Tete, mati kudini?”

Iye akati, “Ndati, ‘Mangwanani, mufundisi.’”

<sup>219</sup> Ndikati, “Maziva sei kuti ndiri mufundisi?” Zvino kuvanhu venyika yekuchamhembe, zvinoreva, “mushumiri,” munoziva. Ndokuti, “Zvino, maziva sei kuti ndiri mufundisi?”

Mudzimai ndokuti, “Ndanga ndichiziva kuti muri kuuya.”

<sup>220</sup> Ndikati, “Maziva kuti ndanga ndiri kuuya?” Ndakafunga, “Uh—oh, hezvoka, munoono.”

<sup>221</sup> Akati, “Hongu, changamire.” Ndokuti, “Maka—makamoverenga here nyaya iri muBhaibheri, mufundisi, yemudzimai weShunemi?”

Ndikati, “Hongu, tete, ndakaiverenga.”

<sup>222</sup> Mudzimai akati, “Ndakanga ndiri mhando yemudzimai akadaro.” Ndokuti, “Zvino ndakakumbira Mwari kuti vandipe mwana, ini nemurume wangu, uye ndaizomukudzira iVo.” Akati, “Vakazviita, Vakandipa mwana wacho.” Uye ndokuti, “Ndakamurera, ari mukomana akanaka.” Ndokuti, “Akazofambidzana neshamwari dzakaipa, mufundisi. Akawana chirwere chakaipa,” uye ndokuti, “arere mukati umo ari kufa. Anga ari kufa kwemazuva maviri zvino. Ava mazuva maviri asingatombozivi zvaari. Chiremba akanga ari pano zvino ndokuti, ‘Haachararama,’ akati, ‘ari kufa.’ Chaiva chirwere chemadzimai.” Zvino ndokuti—ndokuti, “Handina kukwanisa

kuona mwana wangu achifa, uye ndanamata usiku hwese.” Uye ndokuti, “Ndati, ‘Ishe,’ ndokuti, ‘ndaive mudzimai uye akafanana nemudzimai weShunemi,’ asi ndokuti, ‘ko aripiko Erisha weNyu?’”

223 Zvino ndokuti, “Ndakaenda kunorara ndokurota hope, yokuti ndanga ndimire pano paghedhi rino, zvino ndakuonai muchiuya muchidzika nemugwagwa muine nguwani duku iyo yakaita sokugara padivi remusoro wenyu.” Asi ndokuti, “Panongori nechinhu chimwe chete,” akati, “iripiko iya...” Ndokuti, “Munofanira kunge muine sutukesi muruwoko rwenyu.”

Ndikati, “Ndichangobva mukuisiya zasi kuPeabody Hotel.”

224 Ndokuti, “Ndanga ndichiziva kuti manga muchifanira kunge muine sutukesi.” Zvino mudzimai akati, “Mwana wangu ari kufa.”

Ini ndokuti, “Zita rangu ndiBranham.”

Iye ndokuti, “Ndinofara kusangana nemi, Mufundisi Branham.”

225 Ndikati, “Ndinonamatira varwere. Mati makambonzwa here nezveshumiro yangu?”

226 Ndokuti, “Kwete, handitende kuti ndati ndamboinzwa.” Ndokuti, “Hamungapindewo here mukati?” Zvino ndakafamba ndokupinda mukati.

227 Mukomana uya mukuru akanga akarara saizvozvo. Ndakanga ndiri kuedza kuvaudza nezvekupodza kwaMwari, asi handizvo zvakavakanga vari kuda. Vaida kunzwa mukomana iyeye achitaura kuti akanga “aponeswa uye agadzirira kuenda.” Zvino mudzimai akati... Uye Mwari vakamuponesa.

228 Zvino kwapera kuda ringaita gore ndakamuona kunze uko semutakuri wemabhegi zasi pachiteshi. Maitiro anoita Ishe zvinhu!

229 Zvino pandakadzokera, mushure mezvo, ndaifanira kunge...ndege iyi yaifanira kusumuka naseven o'clock, apa dzakanga dzave kuma half past nine. Zvino ndakatora tekisi ndokudzokera. Zvino pandakangoti ndichipinda, vakati, “Kudanidzira kwekupedzisira kurwendo rwendege nhamba *yokuti-nokuti*.” Ishe vakabata ndege iyi iri pasi ipapo pandakaenda kunonamatira mukomana uya. Maona? Ndizvo chaizvo.

230 Ndanga ndiri kuedza kufunga pamusoro pekaya, kambo kaduku, “*Mumwe Wavo*.” Ndiko kacho. O, maitiro ataiita kuti karire muno, nokuombera maoko edu. Taiti:

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo; (Hareruya!)

Mumwe wavo, ndiri mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

Vakanga vakaungana muimba yepamusoro,  
Vose vachinamata muZita raKe,  
Vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene, Zvino  
simba rokuita basa rakauya;  
Zvino zvaAkavaitira nezuva iroro  
Anokuitirawo zvimwe chete,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo;  
Mumwe wavo, ndiri mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo. (Uri here?)

<sup>231</sup> Teererai kuvhesi iri.

Kunyangwe vanhu ava vakasadzidza,  
Kana kudada nemukurumbira wenyika,  
Vose vakagamuchira Pentekosti yavo,  
Vakabhabhatidzwa muZita raJesu;  
Uye vari kutaurira zvino, kure nekweise,  
Simba raKe richiri rimwe chete,  
Uye ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti  
ndiri mumwe wavo.

O, mumwe wavo, ndiri mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo;  
Mumwe wavo, o, ndiri mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

O, uya, hama yangu, tsvaga ropafadzo iri  
Rinochenesa moyo wako kubva kuchivi,  
Richaita kuti mabhero emufaro atange kurira  
Uye nokuchengetedza moyo wako uchibvira;  
O, riri kubvira zvino zasi mumoyo mangu,  
O, Zita raKe ngaribwinyiswe,  
Uye ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti  
ndiri mumwe wavo. (Unofara here nokuda  
kwazvo?)

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo;



O, mumwe wavo, mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

<sup>232</sup> O, hamusi kufara here? Ngatingokwazisanai maoko  
mumwe nomumwe patinenge tiri kuchiimba. Munoti kudini?  
Ngatizviitei.

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo;

Neniwo ndiri kufara zvikuru, hama.

O, mumwe wavo, mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

O, uya, hama yangu, tsvaga ropafadzo iri  
Rino . . . moyo uchibvira,  
Richaita kuti mabhero emufaro atange kurira  
Uye nokuchengetedza moyo wako uchibvira;  
O, riri kubvira zvino mumoyo mangu,  
O, ngaribwinyiswe raKe . . .

Ngatisimudzei maoko edu mudenga.

Kufara nokuti ndinogona kuti ndiri mumwe  
wavo.

<sup>233</sup> Tose pamwe chete.

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo;  
Ndiri mumwe wavo, mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

<sup>234</sup> Nyatsoteereresai zvakare zvino, munoona.

Kunyangwe vanhu ava vaka—vasakadzidza,  
(havana kumbobva mukoreji)  
Kana kudada nemukurumbira wenyika,  
Vose vakagamuchira Ropafadzo ravo  
rePentekosti,  
Vakabhabhatidzwa muZita raJesu;  
Uye vari kutaurira zvino, kure nekweise,  
(muhwangwadza duku nekona dzose)  
Simba raKe richiri rimwe chete,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kutaura  
kuti ndiri mumwe wavo.

<sup>235</sup> O, chiiimbei, kereke!

. . . wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo;  
 O, mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe. . .

236 Tora hengechepfu yako duku zvino.

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo;  
 O, mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Uye ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti  
 ndiri mumwe wavo.

237 Ishe ngavarumbidzwe! Ameni! Takangoita sevana. Hapana hurongwa hwatinotevedza. Mwari havana chimiro. Ndizvo here? Hongu, changamire!

Ndiri mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo;  
 Ndiri mumwe wavo, mumwe wavo,  
 O, ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti  
 ndiri mumwe. . .

238 Uri kunyatsofara here zvokuti unogona kuzvitauro? Chingosimudza ruoko rwako, uchiti, “Ishe ngavarumbidzwe!” [Ungano inoti, “Ishe ngavarumbidzwe!”—Mupepeti.] Ishe ngavarumbidzwe! Ndiri kufara nokuti ndiri mumwe wavo! Ndiri kufara kunge ndakadaro.

239 Ishe Mwari, ndiri kufara zvikuru. Mumwe wavo! Mumwe wavo! Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri mumwe wavo. O Mwari, tibatsirei kuti tive izvozvo. Tibatsirei kuti tichengete zviyedza zwichipenya, Ishe, apo patiri kufora takananga kuZioni. Zviitei, Baba. NemuZita raJesu, tinopira hupenyu hwedu kwaMuri kuti hukushandirei. Ameni. Ameni.

O, tiri kufora tichienda Zioni,  
 O, rakanaka, rakanaka Zioni;  
 Tiri kufora tichikwira kuenda Zioni,  
 Guta riya rakanaka raMwari.

Uyai, isu vanoda Ishe,  
 Zvino ngatizivisei mifaro yedu,  
 Batanai murwiyo muhumwe hunotapira,  
 Batanai murwiyo muhumwe hunotapira,  
 Uye zvino poteredzai chigaro choushe  
 Uye. . . (O, chingoimbai muMweya!) . . .  
 chigaro choushe.

O, tiri kufora tichienda Zioni,  
 Riya rakanaka, rakanaka Zioni;  
 Tiri kufora tichikwira kuenda Zioni,  
 Guta riya rakanaka raMwari.

O, tiri kufora tichienda Zioni,  
 Rakanaka, rakanaka Zioni;  
 Tiri kufora tichikwira kuenda Zioni,  
 Guta riya rakanaka raMwari.

Regai avo varambe kuimba  
 Vasina kumboziva Mwari wedu;  
 Asi vana vaMambo wekudenga,  
 Asi vana vaMambo wekudenga,  
 Vataure mufaro wavo kure,  
 Vataure mufaro wavo kure.

240 Ngatichiimbei!

Tiri kufora tichienda Zioni,  
 O, rakanaka, rakanaka Zioni;  
 Tiri kufora tichikwira kuenda Zioni,  
 Guta riya rakanaka raMwari.

241 O, izvi hazvikuchenese here mukati? Hamudi here dzimbo dziya dzakare? Ini—ini ndingasva hangu ndava nadzo pane dzose dzamunogona...kana imwe yedzimwe dziya mhando dzedzimbo dzamungava nadzo. Idzi dzakanaka, dzimbo dzakare dzinosvika pamoyo. O, zvangu ini! Ndinonyatsonzwa zvakanaka pamwe nokufara pandinodziimba, dzakangonaka! Zvangu ini, ndiri kungonzwa kuda kupembera!

Tora Zita raJesu newe,  
 Mwana wekusuwa nedambudzo;  
 Richakupa mufaro nekudekara,  
 O, ritore, kwese kwaunoenda.

Zita rakakosha (Zita rakakosha!), O kutapira!  
 (O kutapira!)

Tariro yenyika nemufaro weDenga;  
 Zita rakakosha, O kutapira!  
 Tariro yenyika nemufaro weDenga.

242 Tichikotamisa misoro yedu zvino:

PaZita raJesu tichigwadama,  
 Tochizvambarara patsoka dzaKe,  
 Mambo wamadzimambo Kudenga  
 tichaMugadza korona,  
 Kana rwendo rwedu rwaguma.

Zita rakakosha, O kutapira!  
 Tariro yenyika ne...

[Hama Neville vanovhara shumiro—Mupepeti.]



*MWARI HAADANIRE MUNHU KUZOTONGWA  
ASINA KUTANGA AMUYAMBIRA SHO63-0724*

(God Doesn't Call Man To Judgment Without First Warning Him)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, 24 Chikunguru, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)